O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’ PEDAGOGIKA FAKULTETI

**MAK da qorgawg’a ruxsat yetilsin**

**Pedagogika fakulteti dekani’**

**____________ Z. Klicheva.**

**«Muzi’kali’q ta’lim» kafedrasi’**

**5141000 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’ Akimbaev Ori’nbaydi’n’ “Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’ arqalı’ woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw usı’lları’” temasi’ndag’i’**

# B A K A L A V R P İ T K E R İ W J U M I S I

**IV – bosqısh “A” topar talabası: O. Akımbaev**

**Ilimiy basshi’: I.Jumaniyazov.**

**Qorgawg’a usi’ni’s yetilsin**

**“Muzi’kali’q ta’lim”**

**kafedrasi’ basli’g’i’: docent S. M. Tajetdinova.**

**No’kis – 2014**

JOBA

**Kırısıw**

**I-BAP**

**1.1 Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’**

**1.2. Muzıka sabag`ında mıllıy muzıkanı u`yretıw usılları**

**1.3. Oqıwshılarda xalıq do`retpelerıne qızıg`ıwshılıqtı qa`lıplestırıwdın` pedagogıkalık usılları**

**II-BAP**

**2.1. Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’ arqalı’ woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw**.

**2.2. Orta mekteplerde qosıq sabg`ının` tıykarg`ı bo`lımlerı`**

**2.3. Qaraqalpaq fol`klorındag’ı qosıqlar-alti’n ga’ziynemiz**

**2.4. Woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw usı’lları’**.

**3. Juwmaqlaw**

**4. Paydalang’an a’debıyatlar**

# Mazmunı’

| Bap ha’m temalar | Betler |
|---|---|
| **Kırısıw** | **4** |
| **I-BAP**<br>**1.1 Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’** | **12** |
| **1.2. Muzıka sabag`ında mıllıy muzıkanı u`yretıw usılları** | **19** |
| **1.3. Oqıwshılarda xalıq do`retpelerıne qızıg`ıwshılıqtı qa`lıplestırıwdın` pedagogıkalık usılları** | **22** |
| **II-BAP**<br>**2.1. Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’ arqalı’ woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw.** | **31** |
| **2.2. Orta mekteplerde qosıq sabg`ının` tıykarg`ı bo`lımlerı`** | **36** |
| **2.3. Qaraqalpaq fol`klorındag’ı qosıqlar-alti’n g’a’ziynemiz** | **47** |
| **2.4. Woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw usı’lları’.** | **50** |
| **3. Juwmaqlaw** | **54** |
| **4. Paydalang’an a’debıyatlar** | **61** |

# K I R I S I W

O`zbekstan Respublıkasının` ga`rezsızlıkke erısiwı menen ja`mıyetımızdı ullı o`zgerıslerge alıp kelmekte. Bul jan`alanıw ha`m sotsıallık protsess bolıp respublıka turmısının` ekonomıkalık sıyasıy, ruwxıy, ma`denıy, bılımlendırıw ha`m basqa da barlıq salaların o`z ıshıne qamtıp aladı.

G`a`rezsız O`zbekstan Respublıkasındag`ı demokratık ma`mleket, erkın puxaralık ja`mıyet qurıw jolındag`ı ulken ısler ınsannın` a`xmıyetın jan`adan do`retıwge, onın` o`zlıgın anlawda ımkanıyatların a`melge asırıwg`a ha`m ruwxıy-ıntelektual`, aqıl-oy ha`m a`melıy rawajlanıwı ushın jan`a jag`daylar jaratıp beredı. bul o`z na`wbetınde ınsanıyat jaratkan ruwxıy ılımıy baylıqlarg`a, ınsannın` o`zıne jan`asha qatnas, jantasıwdı juzege keltıredı.

O`zbekstan Respublıkasının` keleshegı bolg`an jas a`wladtı ta`rbıyalawda bılımlendırıw salasının` tutqan ornı juda` salmaqlı. Prezıdentımız I.A.Karımov "Bızge pıtkerıwshıler emes, al mektep ta`lım-ta`rbıyasın ko`rgen jaslar kerek" - degen pıkırı tıykarında ulken a`xmıyetlı ma`seleler jatır. Bız jas a`wladtın` ta`rbıyasında du`n`ya ta`n alg`an pedagogıka ha`m mıllıy pedagogıka tıykarlarına ıtıbar berıwımız sha`rt. ha`zırgı da`wırde xalqımızdın a`sırlerden-a`sırge etıp kelgen juda` bay mıllıy, ılımıy, ma`denıy ha`m dın`ıy mıyraslarımızdın qayta tıklenıwı, olardı zaman ruwxı menen uyg`ınlastırıp, tek g`ana jeke yamasa mıllıy ma`ptı payda etpey, al du`n`ya juzlık ruwxıy, sotsıal - ekonomıkalık progresske ulken ules bolıp qosılmakta.

Insannın` du`n`yag`a kelıwı, tek g`ana tuwılıwdan ıbarat ta`bıyıy- bıologık ha`dıyse emes, ba`lkı tuwılg`annan keyın o`z zamanının` rawajlanıwı da`rejesıne ko`terılıwı, bar bolg`an sotsıallıq tarıyxıy ta`jırıybenı ıslewı, ja`mıyette o`z ornın belgılep alıwı, tarıyxıy basqıshtın` belsene qatnasıwshısına aylanıwı, yag`nıy ta`rbıya alıwı kerek. Ha`r basqıshta ulken a`wlad o`zının` jasaw, guresıw ha`m mıynet ta`jırıybesın, bılımın kıshı a`wladka bere baslaydı. Ja`mıyet rawajlang`an sayın jetık ha`r ta`repleme ka`mıl ınsanlardı jetıstırıw za`rurlıgıde artıp barg`an ha`m de o`zgerıp, jan`alanıp ja`mıyetke xızmet qılg`an.

1. **Temanın` aktuallıg`ı**. Mıllıy muzıka arqalı balalar sanasına mıllıy ıdeyanı sın`dırıw temasının` kırısıw bolımınde temanın` bugungı kundegı aktuallıg`ı berılgen. Muzıka pa`nın rawajlandırıwdın` a`hmıyetlı za`ru`rlıgı «Ta`lım haqqında»g`ı Nızam ha`m «Kadrlar tayarlawdın` mıllıy da`stu`rınde» ko`rsetılgen joqarı da`rejelı, zaman talabına say kadrlar barısındag`ı wazıypalar menen belgılenedı. Bul bag`darda bolajaq oqıtıwshı kadrlardın` joqarı ma`na`wıy mınez-qılqı sıpatlarına ıye bolıwı u`lken a`hmıyetlı ıye. Jaslarda usınday sıpatlardı ta`rbıyalawda muzıka ma`denıyatı na`tıyjelı pa`nlerden bırı bolıwı kerek.

Bakalavr jumısının` tıykarg`ı maqsetı ha`m wazıypası_ bugungı kundegı mektep oqıwshıların ka`sıpke bag`darlawda muzıka ta`rbıyasının` a`hmıyetı haqqında jaqsı pıkırler bergen. Jabbarbergenov Omar ` bul pıtkerıw-qa`nıgelık jumısında, ha`zırgı waqıtta muzıka pa`nı oqıtıwshılarının` wazıypaları, mekteplerde muzıka pa`nınde ta`lım standartları, a`hmıyetı haqqında ken` tusınık `bere alg`an.

Ilmıy ızlenıw na`tıyjelerı ha`m jan`alıqları` Muzıkanı ta`rbıya quralı sıpatında qollanıw, muzıka oqıtıwshılarının` tıykarg`ı wazıypası bolg`an.

Respublıkamızda joqarı ta`lım du`zılısı jan`a rawajlanıw basqıshına ko`terıldı. Ma`mleketlık ta`lım standartları ıslep shıg`ıldı. Oqıwshı ha`m studentlerdın` g`a`rezsız erkın bılım alıwı jeke ta`rtıpte a`melge asırılatug`ınlıg`ı.

**Sa`wlelengen tıykarg`ı ma`seleler shen`berı**

Bular mıllıy muzıkanın` a`hmıyetı atqarıw o`zgeshelıklerı. Kompozıtorlardın` baqsı-jırawlardın` do`retıwshılık mıynetlerı, mıllıy muzıkanın` Qaraqalpaq muzıka ma`denıyatı rawajlanıwına qosqan u`leslerı tıykarg`ı ma`seleler bolıp sa`wlelengen.

Temanın` jarıtılıwında paydalang`an tıykarg`ı a`debıy negızlerı

O`zbekstan Ilımler Akademıyası Qaraqalpaqstan fılıılınan alıng`an bır qansha bahalı mag`lıwmatlar, mıllıy muzıka haqqında bır qansha mag`lıwmatlar alındı. Qosımsha baqsıshılıq tarawında jetısken atqarıw sheberlıklerı tuwralı jazılg`an tarıyxshı, a`debıyatshı, ılımpaz-alımlarımızdın` jazg`an mıynetlerınen oqıp, Qaraqalpaqstan radıosının` ha`m televıdenıesının` altın fondına magnıt lentalarına, kassetalarg`a jazıp alınıp, olardan paydalanıldı.

Mıllıy muzıka o`nerın rawajlandırıwda erısken tabısları tuwralı gazeta-jurnallarda,

a`debıy-sın maqalalarda, tarıyxıy kıtaplardan mag`lıwmatlar berıldı, bul haqqında paydalang`an a`debıyatlar jumıstın` son`g`ı betınde keltırılgen.

**Tıykarg`ı bo`lımnın` ta`rıypı**. Temanın` jarıtılıwında pedagogıkalıq problemanın` negızı:

Mıllıy muzıkada nama ha`m sazlar mektep oqıwshıların joqarı ruwxıylıqqa ta`rbıyalawda ju`da` a`hmıyetlı Bıraq ta`rbıyanın` ja`ne basqa do`retıwshılık, sheberlıklerı ızertlenbey atır. Balalar menen ıslesıw usılların yamasa basqaruwdı o`zlestırıw jolları, u`yrengenlerın a`melde na`tıyjelı qollaw boyıncha aldag`ı jo`nelıslerdı belgılew: Jaslarg`a sazendeshılık, atqarıwshılıq sırların u`yretıwde mıllıy muzıkanın` a`hmıyetı atqarıwshılıq sheberlıgı ızertlewdı talap etıp o`z na`wbetın ku`tıp turıptı. Tema boyınsha ıslew dawamında joba tıykarında wazıypalar qoyılg`an edı ha`m olar joqarı ta`rızde orınlandı.

Insanıyat tarıyxına na`zer salsaq, ha`mme da`wırde de pedagogıka o`z ornına ıye bolsa ta`rbıya haqqında ıdeyalardan payda bolıwında, Imam al` Buxarıy, Isa-at Termızıy, Farabıy, Ibn Sıno, Berunıy, Yusıp Xos Xojıy, Yassawıy, Nakshbandıy, Nawayı, Berdak, A`jınıyaz ha`m de basqa xalıqlardın` perzentlerının` xızmetlerı ullı. Ha`r ta`repleme jetık, ka`mıl ınsandı ta`rbıyalawda ta`lım sıstemasının` bır bo`legı bolg`an, ulıwma orta bılım berıw mekteplerının` tutqan ornı gırewlı.

Prezıdentımız I. A. Karımov o`zının` «**Joqarı ruwxıylıq- jen`ılmes ku`sh**» atlı mıynetınde sonday dep keltıredı. «Ekonomıkalıq ha`m sıyasıy tarawlardag`ı barlıq unamlı o`zgerıslerdın` kırgızılıwınen maqset, elımızde jasap atırg`an barlıq puqaralar ushın mu`na`sıp turmıs sharayatların jaratıp berıwden ıbarat. Sonın` ushın da ruwxıy jaqtan tolıq rawajlang`an ınsandı ta`rbıyalaw, bılımlendırıwdı joqarı da`rejege ko`terıw, mıllıy oyanıw sezımlerın ju`zege shıg`aratug`ın jan`a a`wladtı jetılıstırıw ma`mleketımızdın` en` za`ru`rıy wazıypalarınan bırı bolıp qaladı» O`zbekstan Respublıkasında «Kadrlar tayarlaw mıllıy da`stu`rın»de ta`lım-ta`rbıya ha`m kadrlar tayarlaw bag`darlamasın ıske asırıwdın` to`mendegı tıykarg`ı tarawlarına ıtıbar qaratılg`an. Ma`mlekettın` sotsıallıq sıasatında jeke ınsannın` ha`m ta`lım u`stınlıgı qarar tapqanlıg`ı` mıllıy o`zlıgın an`lawdın` o`sıp barıwı, Watang`a, elge degen muxabbat, bay mıllıy ma`denıy-ta`rıyxıy u`rp-a`det

da`stu`rlerıne hu`rmet ha`m sadıqlıq usag`an tarawlarına ıtıbar berılgen. Bazar qatnasıqları sharayatında «Bu`gıngı ku`nnın` wazıypalarınan bırı kadrlar tayarlaw mıllıy da`stu`rın turmısqa endırıw arqalı joqarı zamanago`y talaplarg`a juwap beretug`ın, jan`asha pıkırleytug`ın, ma`mleketımızdın` keleshegın ısenıp tapsırıw mu`mkın bolg`an jas kadrlardı ta`rbıyalawdan ıbarat».-dep keltırgen edı Prezıdentımız I. A. Karımov. Sol sebeplı bız o`sıp kıyatırg`an jas a`wladtın` ta`rbıyalang`anlıq da`rejesın u`yrenıwımız, kerek bolsa mınezındegı kemshılıklerdı saplastırıwımız kerek boladı.

Xalıq qosıq ha`m namaları arqalı ruwxıy a`deplılık estetıkasında ta`rbıyalaw jolındag`ı ızlenıwlerdın` juwmaqları, bul jumıstı ele de dawam ettırıwge qozg`aw salıp, erıksız o`zıne tartpaqta

Qaraqalpaq xalqı g`a`rezsızlıkke erısıw na`tıyjesınde tıl statusına ıye bolg`anlıg`ı sebeplı, atadan-balag`a mıyras bolıp qalg`an mıllıy u`rp-a`detlerımız, qa`dırıyatlarımız, saz sa`wbetımız, baqsı-jıraw atqarıwshılıq o`nerımız da`wır talabına say rawajlanıp atırg`anlıg`ı anıqtan-anıq. Qosıq ruwhtın` ajralmas bır bo`legı bolıp esaplanadı. Qosıq namadan tu`rlı azıq alıw ushın ınsan joqarı ma`denıyatlı, kewlı taza, go`zzallıqtı seze alatug`ın, o`z ka`sıbıne, ana watang`a mehır qoyg`an bolıwı kerek. Sol sebepten oqıwshılarda ınsan ma`denıyatının` ajralmas bır bo`legı bolg`an muzıka ma`denıyatına ta`rbıyalaw, muzıka ta`rbıyasının` bas maqsetı bolıp esaplanadı.

Prezıdentımız I.A,Karımovtın` «O`tmıshın bılmegen xalıqtın` keleshegı joq» degen danalıq so`zı, bu`gıngı ku`nde u`lken a`hmıyetke ıye.

Bul joqarı maqsettı a`melge asırıw ushın muzıka oqıtıwshısının` aldına qoyılg`an wazıypaları to`mendegılerden ıbarat`

- Oqıwshılarda muzıka ko`rkem o`nerıne bolg`an qızıg`ıwshılıqtı ha`m mehır muxabbattı asırıw.
- Muzıkalıq xızmet barısında ko`rkem do`retıwshılık ha`m ıshkı sezım tuyg`ıların rawajlandırıw,ka`sıpke bag`darlaw.
- Oqıwshılardı estetıkalıq jaqtan a`dep ıkramlılıqqa ta`rbıyalaw.

Muzıka ma`denıy turmısımızda jeke ınsannın` rawajlanıwında u`lken a`hmıyetke ıye bolatug`ın ko`rkem o`ner tu`rı bolıp esaplanadı. Muzıka ta`rbıyası a`deplılık ta`rbıyasnıın` tıykarg`ı ha`m qıyın ta`replerının` bırı bolıp a`tıraptag`ı go`zzal na`rselerdı tuwrı pıkırlewge ha`m qa`dırlewge u`yretedı. Muzıka ınsandı joqarı sezım menen qurallandıradı ha`m ma`denıy du`n`ya qarasın qa`lıplestıredı.

Muzıka ınsan qa`lbıne ku`shlı ta`sır ko`rsetıw ımkanıyatına ıye bolıp, oqıwshılardı a`deplılık a`lemıne alıp kırıw ha`m ta`rbıyalawdın` za`ru`r quralı bolıp esaplanadı.

- Qosıq sabaqlarında ka`sıp-o`ner ha`m mıynetke bolg`an qızıg`ıwshılıqtı, oqıwshılarda oyatıw sıyaqlı jumıslardı a`melge asırıw. Usı maqset ha`m wazıypalardı a`melge asırıw, oqıtıwshılardın` professıonal ha`m a`deplılık ta`replerınede baylanıslı boladı. Ha`r qanday ko`rkem-o`ner xızmetkerı mekteplerde qosıq sabaqların alıp bara almaydı. Bunın` ushın qosıq oqıtıwshısı o`z ka`sıbıne ha`m balalarg`a mehır qoyg`an, joqarı ma`denıyatlı, du`n`ya qarası ken` bolg`an ınsan bolıwı kerek. Wol pedagogıka, psıxologıya, balalar fızıologıyası, etıka ha`m estetıka teorıyası, muzıka teorıyasının` a`melıy tarawlarının` qosıq oqıtıw, metodıkası pa`nınen teren` bılımge ıye bolıwı kerek. Qosıq oqıtıwshısı, qosıq nama, ko`rkem o`ner teorıyası ha`m a`melıy tarawlardan jeterlı da`rejede bılım, ko`nlıkpe ha`m ta`jrıybege ıye bolıwı kerek. Yag`nıy ol ha`m sa`zende, dırıjer, atqarıwshı sıpatında ıs ko`rıwı lazım. Qosıq oqıtıwshısının` do`retıwshılıgı sonda ol bır saatlıq sabaqta stsenarıy avtorı, onın` atqarıwshısı, rejısserı sıpatında ıs tutadı. Sonlıqtanda qosıq sabag`ı ko`rkem o`ner sabag`ı delınedı. Mektep turmısında qosıq oqıtıwshısnın` xızmet da`rejesı ken`. Mektepten tısqarı muzıka ta`rbıyası tu`rlerın sho`lkemlestırıw, ko`rkem o`ner g`ayratkerlerı menen ushrasıwlar, kontsertler, shayırlar menen ushrasıwlar, «Nawrız», «A`lıpbe», «O`zbekstan watanım menın`», ko`rık tan`lawları, bayramların sho`lkemlestırıw, qosıq sabag`ın oqıtatug`ın mug`allımge ju`klenıp onın` wazıypası bolıp esaplanadı. Sonın` menen bırge mektepten tısqarı balalar teatr, oqıwshılar sarayları menen baylanısta bolıp talantlı oqıwshılardı olarg`a tartıw ha`m olardın` xızmetın mektep turmısında qollaw, qosıq pa`nı oqıtıwshısının` ushırasıwı bolıp esaplanadı. O`zbekstan Respublıkasının` «Ta`lım haqqında» g`ı nızamında tog`ız jıllıq ulıwma orta ta`lım jurtlarındag`ı

ba`rshe oqıw pa`nlerı qatarı qosıq pa`nı boyınshada tıyıslı konsepsıyası ıslep shıg`arıldı. Mekteplerde "Muzıka" pa`nının` oqıtılıwı ha`m maqsetı, jas a`wladtı estetıkalık ta`rbıyag`a baslaw, ko`rkem-o`ner du`n`yasına alıp kırıw ha`m olardın` sanasına mıllıy qadırıyatlarımızdı sın`dırıw bolıp esaplanadı. Ha`r ta`repleme jetık, ruwxıy bay, ma`denıyatlı, watang`a sadıq bolıp ta`rbıyalang`an ınsannın` jaman nıyetı bolmaydı. sonday a`wlad, o`z mıllıylıgımız mazmunın, u`rıp-a`detlerımızdı, tarıyxın, ana tılın, ata-babalarımız mıyrasların teren` uyrenıp, o`zının` bılımın, ruwxıy dun`yasın, ma`denıyatın` teren` bayıtıp baradı - degen edı prezıdentımız I.A. Karımov.

Jas a`wladtı ta`rbıyalawda xalıq namaları a`xmıyetlı orın ıyeleydı. Xalıq namaları, xalıqlardın` turlı mıynet sha`rayatın`da, tarıyxıy waqıyalarda, olardın` shadlıg`ında, azap-aqıbetlerınde do`relıp, jıllar dawamında rawajlanıp, a`wladtan-a`wladqa, awızdan-awızg`a o`tıp saqlanıp kelıngen ha`m xalıq qosıqshıları, sazendelerı, baqsı-jırawları ta`repınen ko`rkemlenıp, xalıq do`retpesın bayıtıp kelgen. Xalıq do`retpelerın jeke, ha`wesker ha`m qa`nıygelı xalıq sazendelerı ta`repınen atqarılıp kelıngen. Olardı baqsı, qıssaxan, sazende ha`m jırawlar dep atag`an. Do`retıwshı kompozıtorlar o`z repertuarlarında xalıq muzıkalarınan kennen paydalang`an. Rus klassık kompozıtorı M. Glınka "Muzıkanı xalıq do`retedı, bız kompozıtorlar onı tek g`ana aranjırovkalaymız", yag`nıy qayta ısleymız degen edı.

Xalıq qosıqlarının`: mıynet, tarıyxıy, watan ha`m watandı su`yıw, salt-da`stur (besık jırı, xa`wjar, yaramazan, joklaw, sın`sıw x.t.b.) muxabbat qosıqları, qızlar qosıqları tag`ı basqa da bır qansha turlerı ushırasadı. Olar ken xalıq massasının` atqarıwına ılayın` bolıp, atqarıwshıdan awız-ekı professıonal muzıkası sıyaqlı ayrıqsha qa`nıygelıktı talap etpeydı. Xalıq qosıqların, qosıq aytıwg`a ukıbı bar ka`legen adam atqara berıwı mumkın.

Demek muzıka oqıtıwshısına oqıwshılarg`a xalıq namaların o`zlestırıwde onsha qıyınshılık tuwdırmaydı, bul oqıtıwshının` sheberlıgıne baylanıslı.

# I-BAB

## 1.1 Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’

Muzıka ta`rbıyalıqqa tikkeley ta`sir etiwshi qural bolıp qoymastan, jaslardın` ha`zırgı da`wir progressıyalıq ideyaların estetıkalıq qabıl etıwın teren`lestıredı.

Shaxstın` garmonıyalıq rawajlanıwında muzıka, ha`r jaqlama ta`sır etıwshı usılların payda etedı. Sonın` menen bırge o`sıp kıyatırgan jas a`wladtın` ruwxıy estetıkalıq rawajlanıwının` jan`a forma ha`m metodlarının` mexanızmlerın ızertlew za`ru`rlıgın talap etedı.

Bul anıqlamadan kelıp shıg`ıp muzıka sabag`ında aldıng`ı pedagogıkalıq texnologıyalar sonday-aq, ha`r qıylı ınteraktıv metodlar ja`rdemınde oqıwshılarg`a bılım berıwdı jetılıstırıwdın` komplekslı algorıtmın ıslep shıg`ıw ma`selesın aldımızg`a maqset etıp qoydıq.

Jan`a pedagogıkalıq texnologıyalarının` ulıwma mazmunı, qollanıw prıntsıpları pedagoglar ushın janalıq emes, bıraq jan`a pedagogıkalıq texnologıyaları ja`rdemınde (ma`selen: klaster metodı, komp`yuter texnologıyaları ) muzıka pa`nının` spetsıfıkasına sa`ykes sabaqlarda oqıtıw, bul ılımıy jan`alıg`ı bolıp esaplanadı.

Orta ta`lım mekteplerde muzıka oqıtıw sabaqlarının` mazmunına o`zgeshe ko`z-qarasta bolıp, balanın` pa`nge, ulıwma ko`rkem-o`nerge qızıg`ıwshılıg`ın payda etıp, onı do`retıwshı shaxs etıp ta`rbıyalaw ha`m onın` aktıv tu`rde bılım ıyelewı ushın, ha`r qıylı metodlardı qollandıq. Ha`zırgı waqıtta bılımlendırıw tarawında, a`sırese joqarı oqıw orınlarında ha`r bır oqıtatugın da`stu`rıy sabaqlardın` ha`m de sabaqlarda qollang`an ha`r qıylı metodlarının` texnologıyalıq kartasın ıslep shıg`ıwdı talap etıp qoymaqta.

Bul jumıstın` ılımıy probleması muzıka sabaqlarında komplekslı usılda aldıng`ı pedagogıkalıq texnologıyalar ja`rdemınde balalardı oqıtıw bolıp esaplanadı. Sonlıqtan, muzıka sabag`ının` oqıtıw barısındag`ı o`zgeshelıklerıne, spetsıfıkasına

qaray sabaqta qollang`an metodlarının` texnologıyalıq kartasın ıslep shıg`ıwdı maqul dep taptıq.

Sonday-aq, balag`a bılımdı ha`r ta`repleme jetkerıp berıw, yag`nıy da`wır talabı esaplanatugın ınformatsıon texnologıyaların en`gızıw probleması da o`z aktuallıg`ın belgılep turıptı. Solay eken, joqarıda aytıp o`tken bır neshe sabaqlardın` mazmunların slayd etıp ıslep shıqtıq. Demek, temanın` ızertlew jan`alıg`ına o`z gezegınde sabaqlardın` texnologıyalıq kartası ha`m bır neshe komp`yuterlık slaydları kıredı.

Bırınshı topardag`ı awız-ekı professıonal namalarg`a` «Ayjamal», «Qawen`der», «Ig`alay», «Jıg`alı», «Qon`ırat», «Nayleyın», «Gubbadın`», «Nedag`ı», «Bozataw», «Muwsa», «Jaman shıg`anaq», «Paxa`y», «Nıg`arım», «Xansayat» t.b. jatadı. Awız-ekı professıonal muzıkasında qısqa namalar gruppasına kıretug`ın el arasında ken`nen ma`lım bolıp kelgen namalardın` bırı-«Gelgela`y». Nama ekı perıodlı muzıkalıq formada bolıp, ol negızgı bır motıvtın` varıatsıyalıq tu`rde rawajlanıw arqalı du`zılgen. Namanın` da`slepkı bo`lımı belgılı motıvtın` ekı ret ta`kırarlanıp kelıwı arqalı baslanadı. Bul motıvtın` o`zın ekı bo`leklı muzıkalıq frazadan quralg`an desek boladı. Onın` da`slepkı bo`lımı to`mennen bırme-bır za`n`gılep, g`amma ta`rızlı kvınta ıntervalına shekem joqarı ko`terılıp, son`ınan ol bır jerde «tepsınıp» turıp qalg`an sıyaqlı az g`ana ırkılıp, onnan keyın tag`ıda bır ton joqarı ko`terılıp barıp son`ınan kem-kemnen ja`ne to`men tu`sedı. Onın` «g`alg`ala`y», «Ayg`alay» so`zlerı arqalı aytılatug`ın bo`lımlerde motıvtın` boyawı qoyıwlasıp, og`an on altılıq sesler ha`m trıoller qosılıp shıyratılıp baradı. Usı ta`rızde motıv ekı ret ta`kırarlanadı da , ızınen oktavag`a sekırtpe jasaw arqalı onın` ekınshı bo`lımı baslanadı. Bul bo`lımnın` motıvı da`slepkı motıvtın` varıantı esaplanıp, onın` ayırmashılıg`ı tekte negızgı motıvtın` to`mennen joqarı qaray kvıntag`a shekem ko`terıle baslag`an bo`lımı (bırınshı takt) bul jerde tu`sıp qalg`an. Son`nan keyıngı dawam etetug`ın bo`legı sol ku`yınde qalıp, bıraqta ol bır ton joqarıda berılgen. Bul bo`legınde motıv ekınshı ret ta`kırarlang`an da bolıp, da`slepkı baslanardag`ı qg`ddın`e tu`sıp, tag`ı bır ret ta`kırarlanıp barıp tamamlanadı`

Qaraqalpaq awız ekı professıonal muzıkasında o`zının` melodıyalıq ko`rkemlıgının` ku`shlılıgı jag`ınan ayrıqsha orındı ıyeleytug`ın, atqarıwshıdan dawıs ırg`aqların sheber qollanıp, ku`ta` ken` dem menen atqarıwdı talap etetug`ın namalardın` bırı «Dem bermes».

Namanın` ulıwma xarakterı shegıne jetken ko`terın`kılıktı, ruxlanıwshılıq ha`m maqtanısh sezımlerın esletedı. Onın` «Dem bermes» dep atalıwının` o`zı de bıykarg`a aytılmay, bastan ayaq ha`reketlı tu`rde val`s tempasında rawajlanıp bara beretug`ın ku`shın na`zerde tutqan bolıwı ıtımal.

«Dem bermes» quramalı u`sh epızodtan du`zılıp, onın` ha`r epızodı tematıkalıq jaqtan bır-bırıne uqsamag`an materıallardan quralıp, olardın` keyıngı motıvlerı o`z-ara baylanısıp keledı.

Namanın` ha`r epızodı to`rt motıvten quralıp, onın` da`slepkısı negızgı motıvtın` varıantlanıp kelıwınen ıbarat bolıp, al to`rtınshısı jan`a motıvten du`zılgen. Namanın` melodıyalıq qurılısının` en` qızıg`arlı bır jerı onda da`slepkı motıvler perıodlı tu`rde du`zılıp, olardın` ha`rqaysısı tendey to`rt taktten quralg`an bolsa, al to`rtınshı motıv da`slepkı ekı epızodta 19-20 taktlı melodıyalıq qurılıstın` bır demde uzaq waqıtqa shekem dawam etıp keledı, u`shınshı epızodta ol onnan da ko`bırek (onda melodıyalıq aylanba bır demde 32 takt dawamında) sozılıp keledı` «Dem bermeste» epızodlar barg`an sayın ha`wıjge mınıp, joqarı o`rlep baradı da, keyıngı juwmaqlawshı bo`lımıne tag`ıda pa`sen`lep da`slepkı qa`ddın`e tu`sedı.

«Dem bermes» naması qon`sılas o`zbek ha`m tu`rkmen xalıqları arasında da ken` taralg`an.

Ekınshı toparg`a kıretug`ın awız ekı professıonal namalarg`a`

«Ala qayıs», «Adın`nan», «Eshbay», «Da`rdın`nen», «Qoshades», «Muxalles» tın` tu`rlerı, «Go`r qız», «Sanalı keldı», «Saltıq», «Sa`rbınaz», «Muwsa sen` yarı», «Jetı asırım», «Xoja bala», «Idırıs», «Ushtop», «Gulpaq», «Mertewıl», «Sa`wdıgım», «Qoshım palwan», «Kemıne», «Qarada`lı», «Tarlan», «Demırdon`lı», «Ko`pter», «Xojabag`man», «Ta`brız», «Sayqalı nalısh», «Nalısh», «Kelte nalısh», «Teke nalısh», «La`y-la`y», «A`zızım», «Perıyzat»,

«A`nıypa», «Qızlar u`yge kır», «Bes perde», «Ilg`al», «Ken`es», «Nedag`ı dos» t.b. namalardı aytıwg`a boladı.

Awız ekı professıonal muzıkanın` ekınshı toparına jatatug`ın en` ko`rkem, en` ken` taralg`an tu`rlerınen bırı «Adın`nan» naması, «Adın`nan» baqsılardın` tradıtsıyalıq jolı boyınsha ustaz sha`kırtın sınaqtan o`tkerıp, pa`tıya bererde sha`rtlı tu`rde aytatug`ın namalarının` tıykarg`ı tu`rı. Bunnan tısqarı toy, merekelerde baqsılardı o`z-ara jarıstırg`anda atqarıwshılardın` ındıvıduallıq sheberlıgın belgıleytug`ın «Konkurs» repertuarlarının` bırı bolg`an.

«Adın`nan» klassıkalıq muzıkasının` ayrıqsha sulıw tu`rlerının` bırı bolıp, el arasında aytılıp ju`rılgen bırqansha tu`rlerı bar. Ekewının`de ıntonatsıyalıq qurılısı bır-bırıne ku`ta` jaqın bolg`an menen ha`rqaysısının` o`zının` melodıyalıq xarakterınde o`zınshelık belgılerı ko`rınedı.Ekınshı «Adın`nan» a`welgıge qarag`anda a`dewır qayg`ılıraq xarakterde bolıp mordentalar ko`bırek ushırasadı.Ekı varıantın`da da ınstrumen`tallıq kırıspesı bır-bırıne uqsas bolıp ekewının`de vokal bo`lımı kvartag`a serıppe 6/8 o`lshewınde bolıp keledı. Bırınshı varıantın`ın` melodıyası kvartag`a serıppe jasap bır tonda ta`kırarlana beretug`ın bolıp du`zılıp, kelse, ol ızınen tolıqsıp, ken`eyıp baradı. Sonın` menen bırge nama ekı tu`rlı ha`wıjge ıye bolıp, olardın` ekewıde tematıkalıq jaqtan da`slepkı motıvke jaqın du`zılgen qayg`ılı nalıshı, zaman aqıbetlerıne qarsı ashıwlı protestı esıtılıp jatadı.Son`lıqtanda bular ko`bınese hayal-qızlar ta`repınen atqarılatug`ın varıantları bolıp esaplanadı.

«Adın`nan» nın` bulardan basqa u`shınshı varıantı joqarıda keltırılgen varıantlarına qarag`anda bır qansha o`zgeshelıgı menen ayrılıp turadı. Bul tekte baqsılar ta`repınen atqarılıp, olardın` atqarıwshılıq usıllarına sa`ykes duwtar akkomponımen`tındegı kvarta-kvıntalıq ostınatalıq akkortları ayrıqsha orın ıyeleydı. Onın` melodıyalıq xarakterı da`slepkı varıantlarındag`ıday zarlı ıntonatsıyalar tıykarg`ı rol`dı atqarmay, bunda baqsıshılıq ıskusstvosına ta`n bolg`an ımprovızatorlıq xarakter basım keledı.

Sonın` menen qatar nama dawıslardın` bırneshe takt dawamında uzaq sozılıp turıwı ha`m dawıstı ırg`aqlı tu`rde qaltıratıp shıg`arıw usag`an tolıp atırg`an atqarıwshılıq usıllarg`a ku`ta` bay.

«Adın`nannın`» bul varıantı belgılı bır melodıyalıq qurılıstı tu`rlı ba`lentlıkte varıantlı tu`rde ta`kırarlanıwdan ıbarat bolg`an u`sh bo`lımlı formada du`zılgen. Ha`r bo`lımde namanın` tekst qatarlarının` ekı fıgurasına tuwra kelıp, solardın` ızınen tekstte joq «adın`nan-a`y, adın`nan» degen so`zler ta`kırarlanıp jatadı.

Qaraqalpaq xalqının` arasında og`ada ken` taralg`an awız ekı professıonal namalardın` bırı «Eshbay».

«Eshbay»-tuwısqan o`zbek, tu`rkmen xalıqlarının` muzıkasında ayrıqsha orın ıyeleydı. Bulardın` arasında «Eshbaydın`» qaraqalpaq varıantı menen bır-bırıne ku`ta` uqsas. Olardın` ekewıde eolıy tu`rınde du`zılıp, namanın` melodıyalıq aylanbaları ha`m kadansları o`z ara sa`ykes keledı. Son`lıqtan olardın` ekewının`de shıg`ısı bır ha`m bır formada du`zılgen bolsa da «Eshbaydın`» qaraqalpaq varıantın`ın` naması og`ada joqarı ha`wıjge ıye bolıp, onda muzıkalıq sınkopalar ku`ta` ko`p gezlesedı. Al, Xorezm, Buxara ha`m tu`rkmen varıantlarında bular pu`tkılley ushıraspaydı derlık.

Namada ha`r motıv ta`kırarlang`an sayın ken`eyıp, qosımsha elemen`tler qosılıp ha`wıjge mınıp otıradı. Ma`selen` Namanın` baslamasında tıykarg`ı motıv to`rt taktten g`ana quralg`an bolsa, son`ında sol motıv kem kemnen jayılıp, g`awlap o`sıp da`slep altı, onnan son` segız, on taktke, al ortadag`ı bo`lımınde bolsa ha`tekı otız ha`m onnanda ko`bırek taktlerge shekem ko`terılıp ken`eyıp otıradı.

Namanın` melodıyalıq da`nının` tenlıgı son`shelı ol  bastan ayaq 186 taktlı meodıyanı o`z ıshıne alıwı menen tan`landıradı. Joqarıda aytılg`an «Adın`nan» sıyaqlı  bulad baqsılardın`  o`z-ara jarısında atqarılatug`ın  belgılı repertuarı  bolıp, talay  baqsılardı  sınnan o`tkergen,  baqsıshılıqtın`  «O`lshew tası»  bolıp xızmet atqarg`an.

Xalıq awız ekı  profıssıonal  namalarının`  ıshındegı ko`rkemlık jaqtan ayrıqsha ko`zge tu`setug`ın u`lken  ha`m quramalı  formadag`ı  sulıw namalardın`

ayta qalarlıq o`zgeshelıgı ol xalıq qosıqları sıyaqlı, ekınshı basqısh (sekunda) sestınde baslanıp, tıykarg`ı motıv ha`r qıylı tonla ta`krarlanıp turadı. Onın` rıtmıkalıq o`zgeshelıgıne kelgende quramalı o`lshemde du`zılgen bolsa, formalıq qurılısı jag`ınan bes bo`lımlı ha`m qayırmalı (koda) tu`rınde keledı.

Qosıq programmalıq xarakterge ıye bolıp, alaqayıslı tulpardın` sulıw-sımbatlı, ayaqtı ret penen taslap shapqan suw shayqalmas qa`sıetlı jorg`anın` obrazı su`wretlenedı.

Namanın` to`rt taktlı ınstrumentallıq kırıspesının` o`zınde aq tulpar shabısının` rıtmıkalıq ırg`ag`ı bırden ko`zge taslanadı`

Usı rıtmıkalıq-ton do`retpenın` bastan aqırına shekem, ırg`aqlıq tıykarın qurap, belgılı fon berıp turadı. Qosıqtın` melodıyalıq qurılısın grammatıkalıq jaqtan teren`ırek tallaw ju`rgızgenımızde, onda negızgı motıvtın` o`zı ekı bo`lımnen quralıp, bırınshı bo`lım tu`rlı tonda o`zg`erıp keledı de, ekınshı bo`lımnın` ayaqlarındag`ı motıvı, ha`r bo`lımnın` aqırında tap sol ku`yınde takrarlanıp kele beredı.

Onın` ladlıq o`zgeshelıgıne kelsek, namanın` tıykarg`ı bo`lımı Sıbemol` majorda, qayırması Re-mınorda du`zılgen. Nama «Do» dan baslanıp, kem-kem joqarı o`rlep, ku`sheyıp barıp qayırmasında bırden to`men tu`sıp, «Re» de tamamlanadı.

Awız ekı profıssıonal namalardın` asa shın`larının` bırı «Da`rdın`nen» naması. Namanın` melodıyalıq demı ku`ta` ken` ha`m ag`ıslı bolıp, tıykarg`ı melodıyalıq-da`n (motıv) on u`sh taktke shekem sozılıp jatadı. Ma`selen` teksttegı ayırım so`zlerdın` (el ushın, el ushın, el ushınaw, el ushın, jaqsıraq, jaqsıraq, janım jaqsıraq) bır neshshe ma`rtebe ta`krarlanıwı namanın` bır jerde ha`reketsız «Qatıp» qalmay kerısınshe og`an jan en`dırıp tolqınlatıp turadı. Sonday-aq namada vokallıq prıntsıp basım bolıwı menen bırge bır o`kshede «tepsınıp» ta`kraralana beretug`ın seslerdın` atqarıwshınıın` sheberlıgıne baylanıslı ha`rektlı rawajlana beretug`ın reıchıtatıvlık usılı da ken` qollanılg`an.

Qosıqtın` melodıyalıq o`geshelıgıne kelgende onda «Eshbay» naması sıyaqlı sınkopalar (muzıkalıq bezewlerdın` bır tu`rı) ku`ta` ko`p ushrasadı. Namanın`

vokallıq bo`lımının` o`zı de haqıyqat usı sınkopa arqalı baslanıp, son`g`ı bo`lımlerıde solayınsha daawma ete beredı. Bul jag`day ulıwma Qaraqalpaq muzıkasının` o`zıne ta`n tıykarg`ı ayrıqshalıq belgılerın ko`rsetıwshı faktlerdın` bırı bolıp tabıladı. Bulardan tısqarı namada ınstrumen`tallıq akkompanemen`t ken` orın ıyelep, ol namanın` melodıyalıq motıvınen g`a`rezsız o`z betınshe tematıkalıq xarakterge ıye bolıp, namag`a ha`r qıylı melodıyalıq tu`r en`gızıp turadı.

O`zının` formalıq ha`m melodıyalıq qurılısı jag`ınan awız-ekı professıonal muzıkasında en` ko`rkem, lerıkalıq ıntonatsıyag`a tolı namalardın` bırı «Sa`wdıgım». «Sa`wdıgım» dı el arasında «Iranıy» dep te ju`rıtıledı. Nama ataqlı su`yew baqsının` mektebının` turaqlı repertuarlarınan bırı bolıp, shıg`ıs xalıqları muzıkası menen ulıwmalıq belgılerge ıye. Sonın` menen qatar ha`r bır baqsı og`an basqa xalıqlardın` namalardın` xarakterıne usamaytug`ın jan`alıqlar qosıwı menen qatar Qaraqalpaq muzıkasının` orıgınallıq ruwxı sın`dırılgen.

Ba`rınende burın onda ko`pshılık xalıq namaları sıyaqlı bırden joqarı tonda baslanıp, gezegı menen kem-kemnen joqarı o`rlep, son`nan tekshelep to`men tu`sıwı Qaraqalpaq muzıkasına ta`n bolg`an ayrıqsha qa`sıet ko`rsetedı. Bunda ha`r kupleıt o`zg`ergen sayın namada bırme bır za`n`gılenıp joqarı ko`terıledı ha`m ha`wıjlene mınedı.

Basqa awız ekı professıonal muzıkalar sıyaqlı «Sa`wdıgım» de belgılı bır motıvtın` tu`rlı ba`lentlıkte ta`krarlanıwında du`zılıp, og`an keyıngı bo`lımlerınde gey para qosımsha belgıler en`gızılıp otıradı. Qosıq 8/6 o`lshemınde oyın xarakterındegı ufar tempasında atqarıladı. Qaraqalpaq namalarının` xarakterıne ta`n, bır ladtan ekınshı ladqa sezılersız o`tıw, yag`ınıy modulyatsıya tıykarg`ı orındı ıyeleydı. Bunda segızlık pauzadan baslang`an u`sh taktlı (muzıkalıq fraza) ta`krarlanıp keledı de ulıwma nama re -mınordın` dorıyalıq tu`rınde du`zılıp, ortang`ı bo`lımınde (ha`wjımde) sol-majorg`a modulyatsıya jasaydı. Qosıq bastan ayaq bes kupletten quralg`an bolsa, namada son`sha ta`krarlanadı. Keyıngı bo`lımınde yag`ınıy qayırmasında tekstte joq «Ax yarey», «Yar -yaraey», «Jan-janey» degenge uqsag`an qosımsha so`zler qosıw arqalı melodıyada o`zgeshe

tu`ske en`dırıledı. Onın` bul bo`lımının` tematıkalıq xarakterı ınstrumen`tallın` kırıspesının` tematıkası menen o`z ara ku`ta` jaqın baylanıslı keledı.

## 1.2. Muzıka sabag`ında mıllıy muzıkanı u`yretıw usılları

Ha`zırgı da`wırde do`retıwshılık ızlenıwler ha`r bır tarawda talap etıledı. Onda ulken mazmun bar: fılosofıyalık, psıxologıyalın` ha`m sotsıallık. Meylı ol kıshı jastag`ı balama, yamasa ulken jastag`ı adamba, do`retıwshılıgıne baha bergende, olardın` ko`rsetıp atırg`an jan`alıg`ının` da`rejesıne qaray berıledı. Ha`r bır muzıka oqıtıwshılırı, balalar menen ıslesıwdın` jan`adan jolların ızlenıwı tıyıs. hnın` ushın ta`jrıybelı oqıtıwshılardın` sabag`ına kırıp otırıw kerek, al za`rwr bolsa ma`sla`ha`t sorawı ha`m onnan na`tıyje shıg`arıwı lazım.

Muzıka oqıtıwshısı ozının` oqıwshılarının` do`retıwshılıgıne dıqqat awdaradı, bırınshı sabag`ınan, ekınshı sabag`ın qızıqlı etıp, bır-bırıne uqsamag`an halda sabaqlardı alıp barıwg`a ha`reket etıwı kerek. Oqıtıwshı mektep bag`darlamasınan shıkpastan ha`r-bır sabag`ın ımprovızatsıya etedı. Oqıtıwshı sabaq etpesten aldın o`zı tayarlanıp, oqıwshılardın` ha`r-bır sorawına juwap bere alatug`ın da`rejede bolıwı sha`rt. Sebebı oqıwshılar tu`rlı jaqtan oylamag`an soraw berıwı mu`mkın. Muzıka oqıtıwshısı ha`r qıylı sorawlar berıp, olardan jaqsı na`tıyje ku`tedı. bul bırınshıden oqıwshılardın` muzıka tarawında bılımın asırsa, ekınshıden muzıkag`a degen qızıg`ıwshılıg`ın arttıradı.

Mısalı: Oqıwshılarg`a qaraqalpaq xalıq namaları "Sayra duwtar", "Adın`nan" dı tın`latıp bolıp, namalardın` xarakterın talın`lap otırıp, oqıwshılar namanın` bastan aqırına shekem bır xarakterde emeslıgın so`zıp ha`m adamnın` o`mırınde go`zlesetug`ın jag`daylar menen salıstırıwı mu`mkın. Oqıtıwshı muzıkanın` adamg`a degen ta`sırın, o`mırdegı ornın`, muzıka so`ylep bıletug`ının` oqıwshılarg`a tusındırıp berıwı tıyıs. Oqıwshılardın` muzıka sabag`ına qızıg`ıwshılıg`ın arttırıw ushın oqıtıwshı sabaq etkende, oyın, erteklerdı muzıka ja`rdemınde o`tkerse maqsetke muwapık boladı. ha`r bır sabaqtı. usınday qızıqlı

etıp o`tkeretug`ın oqıtıwshının` sabag`ına oqıwshılar ıqlas penen qaraydı. Muzıka oqıtıwshısı ozının` ta`jrıybesın asırıw ushın belgılı muzıkant-pedagoglardın` jazg`an stat`yaların, kıtapların oqıp o`zının` ustınde ko`p ıslewı kerek.

Oqıwshılardı xalıq muzıkasına qızıqtırıw, mektep oqıw protsessındegı balalardın` muzıka ta`rbıyasında qoyılg`an ko`plegen ma`selelerdın` bırı bolıp esaplanadı. Ego`rde mektepte rejelestırılgen jumıslar alıp barılsa, xalıq namalarının` ornı oqıwshılardın` muzıkalı a`stetıkalık ta`rbıyasında en a`xmıyetlı orındı ıyeleydı. Oqıwshılar xalıq namaları arqalı tek muzıkanı uyrenıp qoymastan, olar tarıyxtı, o`mırdı ha`m ma`denıyattı uyrenedı. Oqıwshılardı xalıq muzıkasına qa`lıplestırıwde, oqıtıwshı ha`mmege tanıs bolg`an, esıtıp jurgen namalardan baslasa qolaylı boladı.

Mısalı: "Ha`yyıw", "Tulkıshek", "Ha`kke kayda", "A`welemen - duwelemen" h.t.b. Xalıq muzıka do`retıwshılıgı ta`rbıya ha`m bılımlendırıwde tıykarg`ı negız bolıp esaplanadı. Oqıwshılar o`z xalıqının` do`retpelerı arqalı, o`zge xalıqtın` do`retpelerın teren`nen uyrenıp, olarg`a hu`rmet penen qarap, o`z xalıqının` do`retpelerıne suyıspenshılıgı, qorshag`an ortalıqqa, ta`bıyatqa, watang`a degen sezımı artadı.

Psıxologlardın` aytıwı boyınsha, xalıq namaların uyrenıp baslag`an da`wırde, baslawısh klass oqıwshılarında ınsannın` jan`alanıwı payda boladı. Sol sebepten, ego`rde bala erte jastan xalıq namaların tın`lap, qosıq aytıp erjetse, ol a`ste aqırın sol xalıqtın` melodıyalık ıntonan`ıyasın o`zlestırıp, o`zıne jaqın tutadı.

## 1.3. Oqıwshılarda xalıq do`retpelerıne qızıg`ıwshılıqtı qa`lıplestırıwdın` pedagogıkalık usılları

1. Qosıq uyrenıw ha`m atqarıw, muzıka tın`law
2. Teorıyalıq bılımın arttırıw ushın gurrınlesıw o`tkerıw
3. Muzıka xaqqında ertek kıtap oqıp, tın`law arqalı xalıq do`retıwshılıgı xaqqında maglıwmat toplaw
4. Nota menen ha`r qıylı shınıg`ıwlar aytıp, do`retıwshılık atmosferanı (ortalıqtı) jedellestırıw
5. Unamlı xa`m unamsız obrazlardı salıstırıw arqalı shıg`armanı teren`nen uyrenıw
6. Rıtmıkalıq ha`reket ha`m de muzıkalı oyınlar, emotsıonal` qızıqtırıwshı usıllar sıpatın`da qa`lıplestırıw
7. Tıykarg`ı usıl-mılıy muzıkag`a qızıqtırıw,namalardın` tarıyxın tu`sındırıw, saz shertıwge qızıqtırıw, u`yretıw h.t.b.

Xalıq namaları oqıwshılarg`a o`zlıgın an`lawı ushın, ata-babalarımız jasap etken etmısh tarıyxın, salt-da`stu`rlerın, u`rıp-adetlerın, mıllıy kolorıtın o`zlestırıwde o`zının` ulken ja`rdemın tıygızedı.

Ulıwma orta ta`lım da`stu`rı boyınsha mekteplerde muzıka sabag`ı 1-7 klasslar aralıg`ında oqıtıladı ha`m oqıw protsessı ma`mleketlık ta`lım standartı tıykarında alıp barıladı ha`mde standartka tıykarlanıp pa`n ataması "Muzıka " bolıp jurgızıledı. Sabaqtı o`tıwde ha`ptede bır saat mug`darında waqıt ajıratılg`an. Mekteptegı ulıwma ta`lım berıw bag`darı ekıge belıngen bolıp, ol baslang`ısh ta`lım (1-3 klass) ha`m ulıwma orta ta`lım (4-7 klass) qamtıydı.

Baslang`ısh ta`lımde ma`mleketlık standarları oqıw predmetlerı boyınsha emes, al ta`lım tarawları boyınsha berıledı. Muzıka sabag`ı ınsan ha`m ja`mıyet ta`lım tarawına kırıtılgen. Mektepte muzıka sabag`ın o`tılgendegı ta`lım standartı talabına muwapık oqıwshılar muzıka haqqında to`mendegı bılım ha`m ko`nlıkpelerge ıye bolıwı sha`rt:

-qaraqalpaq ha`m o`zbek xalıqının` mıllıy namaları, janrları

ha`m atqarıwshları haqqında bılıw.
-Ekı dawıslı qosıqlardı taza, anıq aytıw, major ha`m mınor
u`sh dawıslıqların erkın ayırıp ayta alıw.
-qosıq aytqanda forte ha`m pıano dınamık tu`rlerın atqara alıw,
 o`zı ha`m joldasları aytkan qosıqların atqarıw usılın ha`m ko`rkem sıpatın baklay bılıw.
-qosıq aytıw ha`m tın`law ma`denıyatına ıye bolıw.
-Muzıka tarıyxın, onın` kelıp shıg`ıwın, mıllıy muzıkamızdın` kelıp shıg`ıwı ha`m rawajlanıwı haqqında sonın` menen bır qatarda xalqımızdın` mıllıy bay ma`denıyatımızdı, qa`dırıyatlarımızdı tusınıp jetıp, mıllıy muzıkamızdın` ja`xa`n muzıka ma`denıyatının` ajıralmas bır belegı ekenın bılıw.

Bul oqıwshılardın` bılıwı sha`rt bolg`an talap ha`m ko`nlıkpelerı bolıp esaplanadı. Demek oqıtıwshı sabaq etıw barısında oqıwshılarg`a usı talap ko`nlıkpelerın uyretıp barıwı kerek ha`m oqıtıwshının` jeke ta`jırıybesı pedagogık sheberlıgı ha`m joqarı mazmung`a ko`terıledı. o`ytkenı qosıq - saz do`retpesı, Adam obrazının` ko`rınısı. qaysı bır xalıqtın` klassıkalıq a`debıyatın` alıp qarasaqta, onın` ıshınde xalıq qosıqları ko`rneklı orın ıyeleydı. Xalıq namaları danalıq, jaydarı so`zlıkke, teren` ıdeyag`a bay. Naqıllar menen qosıqlar qısqa qatardan ıbarat, bırak ondag`ı oy-pıkır menen do`retpelerı barlık: waqıtta adamnın` go`zzallıkka degen swyıspenshılıgın arttırıp, o`zının` en jan`sı ıdeyaları menen xalıqda a`stetıkalık ta`rbıya berıp otıradı.

Bug`an a`pıwayı bır mısal: adam anadan tuwılg`annan, yag`nıy du`n`yag`a kelgen ku`nnen baslap, onı ananın` "Besık jırı" ku`tıp aladı. Sol waqıttan baslap ınsannın` balalık, jaslıq shag`ında ulıwma onın` o`mırı dawamında qosıq-saz onın` bır ajıralmas joldası bolıp qalatug`ının` atap o`tsek boladı.

Xalıq o`zının` sıyasıy turmıs tırıshılıgı menen ruwxıy keypıyatı salt, sana ha`m psıxologıyasın o`zınde sındırgen tarıyxıy uaqıyalarg`a bay. Nama adamlardı hadal mıynet, shın doslıq, bekkem muhabbat ha`m qaharmanlıqa ruwxlandırıp estetıkalıq zawıqqa bo`lep kelgen. Olar jalpı xalıqtın` tu`sınıgıne, oylarına say bolıp, adamlar qosıq, so`z arqalı ozının` quwanıshın ha`m shadlıg`ın, mun`-sherın,

arzıw-a`rmanların, nıyetlerın bıldırıp otıradı. O`ytkenı so`z benen jetkere almaytug`ın na`zık oylardı nama arqalı jetkerıp berıw, anagurlım on`ay ha`m ta`sırlı bolatug`ınlıg`ı ma`lım. Sonlıqtan xalıq namaları o`z da`rejesınen xalıqtın` turmıs tırıshılıgı menen qaynap, pısıp xalıq tarıyxı menen rawajlanıp keledı. Qaraqalpaq xalıq namaları Orta Azıyanın` basqa xalıqlarınday-ak nota jazıwı bolmag`anlıqtan a`wladtan-a`wladka, atadan-balag`a, sha`kırtler ustaz quwıp, sha`kırtlıkten ustazlıqqa etıw jolı menen bızın` da`wırımızgeshe jetıp kelgen. Olardı a`sırler boyı xalıqtın` esınde saqlap kıyatırg`an muzıka baylıg`ının` do`retıwshılerı, saklawshıları, qosıqshıları, baqsılar, jırawlar ha`m basqa da xalıq do`retpelerının` wa`kıllerı boldı.

Xalıqta ha`r qıylı da`rejedegı talant ıyelerının do`retpelerının` en jaqsıları g`ana saqlanıp, ko`rkemlıgı to`men do`retpelerdın` ko`bınese qatarg`a erıp jure almay tez umıtılıp ketkenlıgı ma`lım. Sebebı do`retpenın` ıdeyalık mazmunının`, xalıq massasının` akıl-oyı, arzıw a`rmanarı menen sabaqlas bolg`anları g`ana ko`bırek este qalg`an. Qaraqalpaq xalqı o`zının` awız ekı do`retpesıne, sonın` ıshınde namalardın` a`lwan tu`rıne og`ada bay. Olar xalıqtın` a`sırler boyı ju`regınde saqlanıp kıyatırg`an oyların, ju`rek sherın ha`m keypın anlatıw menen bırge teren` tarıyxıy dereklerge ıye.

Xalıq ozının` ıshkı so`zımlerın tek nama arqalı g`ana emes, al nama menen so`zdın` bırıkpesı bolg`an qosıq arqalı ha`r ta`repleme jetkerıp bere aladı. Mıynetkesh xalıq ozının` qosıq do`retpelerınde turmıs haqıyqatlıg`ın real bayan etken. Eldın` bu`lgınshılıke ushırap, talay ma`rtebe ko`shıp qonıwına qaramastan ozının` qosıq do`retpesın qa`dırlep saklay bılgen. Ol ha`r kanday qıyınshılıq jag`daylarda da xalıqtın` ruwxıy baylıg`ı bolıp xızmet etken. Sonlıqtan xalıq ozının` ıskusstvosın tek kewıl ko`terıw ushın g`ana emes, al sonın` menen bırge azatlık, g`a`rezsızlık, hadal mıynet ha`m jan`a turmıs ushın guresınde o`tkır qural sıpatın`da paydalanadı.

Xalıqtın` muzıkasının` qudıretlı sırı, onın` tın`lawshıların jatırqatpay o`zıne tartıp ızıne erte bılıwınde ko`rınedı. Ha`r kanday teren` ko`rkemlık, a`lwan boyawlar menen bezelgen nama o`z tın`lawshısı esıtken waqıttan-aq kewlın

tolqıtıp, erkın bıylep sala beretug`ınlıg`ı ma`lım. Olar neshe tu`rlı xalıqlardın` bas qosqan jıyınlarında ha`mmesıne ortaq tıl, ortaq so`zım, ortaq hawaz tawıp berıp olardın` jurek tarların bır noqtag`a duzeydı, bır sapta turıp u`n qostıradı. Iskusstvonın` sarqılmas bulag`ı bolg`an xalıq muzıkasının` qudıretlı sırın adam janının` tazalıg`ı, jarkınlıg`ı, kenlıgı menen talantlıg`ında, sulıwlıg`ı menen mıyrımlılıgı, tu`rmıstı anıq suwretley bılıwınde ko`rınedı.

Xalqımız ıskusstvosın xalıq poa`zıyası, awız ekı xalıq do`retpelerı sıyaklı uzaq da`wırdın` mıywesı bolıp, ko`pshılıktın` mıynetı arkasında do`regen. a`lbette, xalıq namalarının` belgılı bır do`retıwshısı bolg`an. Olardı xalıq do`retken. Xalıq namalarının` melodıkası og`ada a`pıwayı, ko`rkem ıqshamlı, qulaqqa jag`ımlı, tez este qalatug`ın tolqın ta`rızlı bolıp keledı. Mısalı: Ko`pshılık bolıp atqaratug`ın kızlar qosıg`ının` bırı, "Qızlar qosıg`ı". hayal- qızlardın` toparlasıp suw alıwg`a barg`andag`ı dawıs qosıp aytatug`ın qosıg`ı bolg`an. Xalıqta ha`r qıylı da`rejedegı talant ıylerının do`retpelerının` en` hasılı g`ana saqlanıp, ko`rkemlıgı to`men do`retpeler umıtılıp ketken.

Tarıyxıy qosıqlardın` ıshındegı en ken` taralg`anlarının` bırı "Bozataw". Qosıq belgılı "Bozataw" xalıqının` ko`terılısıne arnap jazılg`an, ol xalıqtın` bu`lgınshıkke ushırap, o`zının` tuwıp esken ma`kanın` taslap, at aldında qul bolıp baratırıp, el menen xoshlasıp aytkan qosıg`ı. Qosıqta ja`bır ko`rgen xalıqtın` qayg`ısı, namada ku`shlı kul`mınatsıyalık ırg`aqlar arqalı berılgen. Bırakta jen`ılgen "Bozataw" shılar umıtsızlıkke berılmeydı, nama rawajlanıwında erkınlık ızlegen qaraqalpaq xalıqının` jan tulg`asınan ha`m ullı A`jınıyazdın` juregınen do`regen.

Zıywarın` xoshlasar qa`dırındı bılıp,
Aman bolsa hal sorasar bır kelıp.

-degen qatarlarında, watang`a degen teren` optımıstlık so`zımlerı jen`ıske ısenıwshılık, tuwg`an jerge qaytıp kelıw nıyetlerı ku`shlı hawaz benen esıtıledı.

Qaraqalpaq xalıq qosıqları o`zının` a`pıwayı ha`m jag`ımlı, teren` mazmunlıg`ı menen bahalı. Xalıq namaların xalıq qosıqlarınan ayırıwg`a bolmaydı, ol ekewı bırge do`rep, bırge rawajlanıp ko`rkemlenıp keledı.

O`zbekstan Respublıkasında «Kadrlar tayarlaw mıllıy da`stu`rın»de ta`lım-ta`rbıya ha`m kadrlar tayarlaw bag`darlamasın ıske asırıwdın` to`mendegı tıykarg`ı tarawlarına ıtıbar qaratılg`an. Ma`mlekettın` sotsıallıq sıasatında jeke ınsannın` ha`m ta`lım u`stınlıgı qarar tapqanlıg`ı` mıllıy o`zlıgın an`lawdın` o`sıp barıwı, Watang`a, elge degen muxabbat, bay mıllıy ma`denıy-ta`rıyxıy u`rp-a`det da`stu`rlerıne hu`rmet ha`m sadıqlıq usag`an tarawlarına ıtıbar berılgen. Bazar qatnasıqları sharayatında «Bu`gıngı ku`nnın` wazıypalarınan bırı kadrlar tayarlaw mıllıy da`stu`rın turmısqa endırıw arqalı joqarı zamanago`y talaplarg`a juwap beretug`ın, jan`asha pıkırleytug`ın, ma`mleketımızdın` keleshegın ısenıp tapsırıw mu`mkın bolg`an jas kadrlardı ta`rbıyalawdan ıbarat».

Muzıka ta`lımının` ma`mleketlık ta`lım standartları tıykarında jan`a da`stu`r, ıslep shıg`arıldı. Jan`a da`stu`r mazmunında mıllıy muzıka mıyraslarınan tolıq paydalanıw, massalıq xalıq namaları, qosıqları, da`stanların jas a`wladqa u`yretıw boyınsha o`z ornın tapqan. Usı da`stu`rdın` oqıw barısında qosıq oqıtıw metodıkası, sabaqlardın` jıl, sherek, temaları, jobaları ko`rgızbelı sabaqlar kestesı, jergılıklı qosıq ha`m sabaq xızmetlerı, sabaq temasının` ajralmas bır bo`legı bolıp, ulıwma temag`a boysınadı ha`m ma`nısı o`z ara bırgelıkte sho`lkemlestırıledı. Bul ha`zır ıslep atırg`an oqıtıwshılardan ıs mazmunın ha`m usılların jan`alatıp barıwdı talap etedı. Jan`a bag`darlamanın` o`zıne ta`n muzıka ma`denıyatı pa`nının` tıykarı bolg`an muzıka, sonnan ıbarat muzıka ma`denıyatı pa`nının` tıykarı bolg`an muzıka sawatlılıg`ın u`yretıw lazım boladı. Muzıkag`a tıyıslı nızamlar muzıkanın` tu`rlerı, muzıkanın` du`zılısı ha`m onın` rawajlanıwı, onın` zamango`ylıgı sıyaqlı sorawlar u`yretılıwı kerek.

Demek jan`a bag`darlama mazmunında sabaq o`tıw ushın, qosıq oqıtıwshısı o`zının` muzıka teorıyalıq bılımlerın teren`lestırıwı kerek, sonlıqtan ma`mleketımızge jas a`wladtı, Watang`a muxabbat ruwhında ta`rbıyalawdın` a`hmıyetlı bır bo`legı ınsandı ma`denıy ruwhta ta`rbıyalaw ma`selelerın sheshıwde, ja`mıet ha`m ma`mleketımız ta`repınen qoyılg`an u`lken ju`kleme qosıq oqıtıwshısının` aldına qoyılg`an wazıypa bolıp tabıladı. Muzıka ta`lımının` sapalılıg`ın ta`mıynlewde, muzıka pa`nıne bolg`an qızıg`ıwshılıg`ın o`sırıwde,

oqıtıwshı jetekshı bolıp esaplanadı. Bul pa`n muzıka ta`rbıyası du`zılısınde u`lken a`hmıyetke ıye. Sebebı balalardı aqıllı  ha`mde a`deplı bolıp rawajlanıwında u`lken unamlı ta`sır ko`rsetedı. Sonın` ushın qosıq sabag`ın en` aldıng`ı ta`rbıya sabag`ı deymız. Pa`nnın` atı tek qana qosıq oqıtıw metodıkası emes, ba`lkı  muzıka ta`rbıyası metodıkası delınedı. Jan`a bag`darlama mazmunında sabaq o`tıw ushın, qosıq oqıtıwshısı o`zının` muzıka ha`m teorıyalıq bılımlerın teren`lestırıwı lazım. Bu`gıngı ku`nde muzıka-ınsandı qa`lıplestırıwde za`ru`r orın tutadı, onın` sezımın ha`m fızıologıyasına aktıv ta`sır ko`rsetedı. Ulıwma ta`lım mekteplerının` tıykarg`ı wazıypalarının` bırı bolıp, oqıwshılardı pıkırlew ha`m oylawg`a u`yretedı. Bul wazıypanı a`melge asırıwda qosıq sabag`ı u`lken a`hmıyetke ıye. Bunda oqıtıwshı balalardı ma`lım bır  muzıka shıg`arması menen tanıstırıp, onı ta`sırlı janlı qılıp, atqara bılıp, oqıwshılar dıqqat ıtıbarın shıg`armag`a awadaradı, olardın` so`z buwınların aytıwın o`sırıw pıkırlew qa`bılıetın, du`n`ya qarasın ken`eytedı,emotsıonal oy sezımlerıne aktıv  ta`sır etedı. Qosıq sabaqlarının` mazmunında tek g`ana o`zlestırıw emes, ba`lkı rawajlandırıw, estetık ma`denıyatın qa`lıplestırıw, basqa ıshkı oy sezımleın rawajlandırıw, na`zerde tutıladı. Oqıtıwshının` aldına bır qansha wazıypalar qoyıladı.

Muzıka ta`rbıyasında jan`a metodlardı ıslew, turmıs ha`m ko`rkem o`ner ortasındag`ı u`zılıksız baylanıstı, muzıka ma`denıyatının` mazmunı ha`m ma`nısın sa`wlelendırıp, tu`sındırıw maqsetınde  anıq ha`dısler ha`m mısallardan paydalanıw za`ru`r.

Usı waqıyalardı a`melge asırıwda oqıtıwshı puxta tayarlıq ko`rıw, o`z u`stınde tınbay ıslewı, yag`ınıy bılım da`rejesın, ma`denıyatın, ılımıy a`debyatlar, jan`a bag`darlamalar, ko`rkem a`debıyatlar, teatr, muzeylerge  barıp sanasın asırıw jolların  rawajlandırıp barıw za`ru`r. Muzıka sabaqları alıp barılatug`ın klass (audıtorıya) u`lgılı bezetılgen bolıw kerek. Texnık quralları, metodık ko`rgızbelı qurallar, pıanıno, saz a`sbapları (Qaraqalpaq, o`zbek xalıq saz a`sbapları) menen bezelgen bolıwı kerek. Solay teıp qosıq sabaqların ba`rshe xızmetlerının` maqsetı ha`m mazmunı sabaqtag`ı temalardı tu`sındırıp, turmıs penen baylanıstırıp, sabaqtın` ha`mme bo`lımlerın bır bırı menen u`zılıksız alıp barıwdı talap etedı.

Qosıq sabag`ı basqa sabaqlardan o`zının` ko`rkemlılıgı, qızıg`ıwshılıg`ı menen balalarg`a ko`bırek emotsıonal tuyg`ılar ha`m obrazlı keshırmeler oyatıw menen ajralıp turadı. Sonın` ushın qosıq sabag`ı en` a`wele ta`rbıya sabag`ıdur. Qosıq sabqları to`mendegı spetsıpık qa`sıetlerı menen basqa sabaqlardan parıq qıladı.

1. Bul muzıka teorıyası ha`m atqarıwshılıg`ına ta`n tu`rlı xızmetlerden` vokal-xor shınıg`ıwları, muzıka sawatı, muzıka tın`law, balalarg`a saz a`sbapların shertıwdı u`yretıw, rıtmlık ha`reketlerdı bejerıw elementlerınen ıbaratdur .

2. Muzıka basqa ko`rkem o`ner tu`rlerınen o`zının` sa`wlelendırıw quralları, yag`ınıy «tılı» menen parıq qıladı.

Eger ko`rkem a`debıyat so`z benen, su`wertlew o`nerı ren`lerı menen, oyın o`nerı ha`reketı menen sa`wlelense, muzıka basqa, muzıkalıq seslerde payda bolg`an dawıs qurallarında sa`wlelenedı. Joqarıda ko`rkem o`ner tu`rlerın ko`rıw ha`m esıtıw arqalı qabıl etsek, muzıkanı tek g`ana tın`law arqalı g`ana qabıl etemız.

3. Muzıka anıq waqıt, o`lshew menen baylanıslı ko`rkem o`ner. Sonın` ushın atqarılg`an muzıka tempıne sazlanıp, onın` ha`r bır elementlerın dıqqat penen tın`lamasan` shıg`armanı tolıq qabıl ete almaysan`.

4. Muzıka balalarg`a aktıv emotsıonal ta`sır ko`rsetedı, quwandıradı ha`mde do`retıwshılktegı keshırmelerın oyatadı. Jaqsı mazmunlı, qızıqlı qosıq sabag`ı balalardın` sharshag`anın shıg`arıp, ko`rkem ma`denıy azıq aladı, shadlı, quwanıshlı bolıp shıg`adı. Qullası, qosıq sabag`ı o`zının` aktıv psıxologık ta`sırı menen basqa pa`nlerden parıq qıladı.

Sonday-aq qosıq sabag`ı basqa pa`nler menen u`zlıksız baylanısta. Su`wretlew ko`rkem o`nerı, a`debıyat, ana-tılı, tarıyx, pedagogıka, psıxologıya, vokal, rıtmıka, anatomıya ha`m tag`ı basqalar. Bular qosıq sabag`ın turmıs penen baylanıstırıwg`a, mazmunlı, qızıqlı qılıp sabaq alıp barıwg`a ja`rdem beredı. Qosıq sabag`ının` du`zılısı u`sh tıykarg`ı xızmetten turadı` muzıka tın`law, muzıka sawatı ha`m xor bolıp (bırlıkte) qosıq aytıwdan ıbarat.

Ta`lımnın` jan`a modelı ja`mıyette g`a`rezsız pıkırlewde erkın adamlardın` rawajlanıwına alıp keledı.

Mektep oqıwshılarının` aldına qoyg`an maqsetlerı`

- Bılım (ma`mleketlık standart tıykarında).
- G`a`rezsız pıkır ju`rıtıw.
- Du`n`yag`a ılımıy ko`z-qaras.
- Ulıwma ınsanıylıq ha`m mılıly ma`denıyat.
- Do`retıwshılık.

Oqıwshılardın` jeke adamıylıq qa`sıyetlerı`

- Watanga muxabbat.
- Insanıylıq.
- Mıynet su`ygıshlık.
- Sabır taqatlı, shıdamlılıq.
- Erkın ha`m jan`asha pıkır ju`rgızıwshı qa`sıytlerge ıye bolıw kerek.

O`zbekstan Respublıkası ulıwma bılım beretug`ın mekteplerde muzıka bılım ta`rbıyasın konspektsıyasın ha`m ma`mleketlık standartın ıslep shıqtı. Son`g`ı ku`nlerde usı jan`a bag`darlama tıykarında mekteplerde sabaq o`tılıw jolg`a qoyılg`an.

Bu`gıngı ku`nde muzıkalıq ta`rbıyag`a barlıq adamlardı muzıkalıq ıskusstvog`a tartıp, sol arqalı ha`r ta`repleme garmonıkalıq rawajlanıwg`a mu`mkınshılık du`zıw sıyaqlı talap qoyadı. Sonlıqtan ulıwma bılım beretug`ın mekteptın` oqıw planına muzıka pa`nı kırgızılgen.

Muzıka sabag`ında balanın` muzıkalıq qa`bıletın rawajlandırıp, du`n`ya ta`lımın ken`eytedı. Muzıkalıq sawat tıykarları muzıkalıq talaptı qa`lıplestıredı. Massalıq muzıkalıq mashqalalardın` sheshılıwı-muzıka mug`allımın tayarlawdın` sapasınan g`a`rezlı.

Muzıka mug`allımı jaqsı muzıkant, pedagog ta`rbıyashı bolıwı lazım. Tek joqarı da`rejelı muzıka mug`allımı g`ana balalardı muzıkag`a u`yretıw ha`m muzıka ta`rbıyası sıyaqlı spetsıfıkalıq wazıypalardı atqara otırıp, balalardın` ruwxıy du`n`yasın ıdeal ha`m talapların, go`zzallıqqa umtılıp o`mır su`rıwdı qa`lıplestıredı.

Muzıka mug`allımın tayarlawdın` ajıralmas bır bo`legı. Olarg`a pedagogıka, psıxologıya, tarıyzıy teorıyalıq ha`m xor dırıjerlıg`ı tsıkllerı boyınsha alg`an bılımlerın, balalardı muzıkalıq ta`rbıyalaw protsessınde a`melıy qollanıwg`a u`yretedı.

Bul wazıypanı muzıkalıq ta`rbıya pa`nı metodıkası alıp baradı. Muzıkalı ta`rbıya degenımız-bul muzıkalıq o`nerdın` ta`sırı arqalı balalardın` jeke basın qa`lıplestırıw. Muzıkalıq ıntasın, uqıbın, muzıkalıq estetıkasın ko`z-qarastı qa`lıplestırıw degen so`z.

# II-BAB

## 2.1. Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’ arqalı’ woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw.

Qaraqalpaq muzıkasında jeke professıonal atqarıwshılar ta`repınen do`retılgen klassıkalıq awız ekı professıonal muzıka u`lken orın ıyeleydı. Klassıkalıq yakı awız ekı professıonal muzıka degen de muzıka  o`nerın o`zlerının` negızgı ka`sıbı etıp, uzaq da`wırlerden berlı do`retılıp, saqlanıp, rawajlanıp kıyatırg`an professıonal jeke atqarıwshılardın` do`retpelerı na`zerde tutıladı. Bul shıg`armalar xalıqtın` uzaq jıllıq muzıka mıyrasları tıykarında do`regen, u`lken ta`jırıybelerdın` na`tıyjesı. Olardın` avtorları bolg`an talantlı baqsı-jırawlar, qosıq da`stanlardı atqarıp, xalıqtın` alg`ısına sazawar bolıp g`ana qoymastan, saz ha`m namalar do`retken bırınshı kompozıtorları da boldı. Shın ma`nısınde olar, belgılı muzıkalıq sawatın`ın` bolmag`anına qaramastan o`z do`retpelerın esıtıw (slux) arqalı, awız ekı tu`rınde do`retıp, ken` xalıq massasına jetkere bıldı. Bul xalıq kompozıtorlarının` namaları bızın` zamanımızg`a ko`p da`wırlerdı atlap, neshe talant ıyelerının` qolınan o`tıp kelıwıne qaramastan, ko`pshılık namalardın` o`zının` da`slepkı orıgınallıg`ın saqlap kıyatırg`anlıg`ın ha`zırgı  qolda bar muzıkalardın` mısalında ko`rıp otırmız. Onın` o`mır su`rıwge uqıplılıg`ı,  teren` mazmun, ku`shlı ıdeya, pısıklılıgı ha`m o`mır shınlıg`ın a`pıwayı ja`ne ko`rkem etıp bere bılıwı menen ajıralıp turadı. Olar xalıq ju`regıne jaqın ha`m qa`dırlı, son`lıqtan a`sırler boyına a`wladlar psıxologıyası menen bırge jasap yoshqa bo`lep keledı.

Ha`rqıylı qıyınshılıq jag`daylarda rawajlanıp oz ruuxıy mıyrasların , xalıqtın` tarıyxıy turmısına baylanıslı muzıka sawatı bolıwına qaramastan quramalı a`jayıp namalardı do`retıp qaldırg`anlıg`ı ushın olardı xalıq kompozıtorları edı, dep atawg`a tolıq haqılımız. Xalıq kompozıtorlarının` (baqsılar) ha`zırge shekem bızge belgılılerı~ Ga`rıpnıyaz, Aqımbet, Muwsa, Su`yew, Shernazar, Arzı, Juman t.b.

Olar do`retıp qaldırg`an «Muwsa sen` yarı», «Jıg`alım», «Demır donlı», «Muxallestın`» tu`rlerı, «Eshbay», «Dembermes», «Sanalı keldı», «Sa`rbınaz», «:sh-top», «Xoja bala», «Mertewıl», «Iyranıy», «Sen` yar qal en`dı», «Boz ataw», «Ku`nxoja», «Nalısh», «Tekenalısh», «Xoshım palwan», t.b. Sazlardan` «Nama bası», «Aq ıshek», «Serper», «Mın`tu`men`», «Nar ıydırgen», «Qarada`lı», «Jarg`anat», «Torg`ay naması», «Qara jorg`a», «Shernazar naması», «Zıywarjan», «Ilme sultan» t.b. usıg`an usag`an, ulıwma kop sanlı nama ha`m sazlar qaraqalpaq awız ekı professıonal muzıka fondına kıredı.

Klassık namalardın` do`retılıwdegı o`zgeshelıklerınen bırı, olar ko`bınese klassık shayırlardın` (Ku`nxoja, A`jınıyaz, Maqtumqulı, Berdaq, O`tesh t.b.) shıg`armalarının` tekstlerıne ha`m xalıq da`stanlarının` tekstlerıne (Qaharmanlardın` quwanısh, ku`yınısh, su`yınısh ha`reketlerıne) arnap programmalıq mazmung`a jaqınlastırıp do`retılgen. Ulıwma alg`anda bular jazba a`debıyatqa tıykarlang`an. Klassık muzıkanın` usı formada du`zılıwı tuwralı belgılı muzıka ızertlewshı ılımpaz E.E.Romanskaya bılayınsha jazadı`

«Klassıkalıq muzıkanın` xalıq namalarınan en` xarakterlı o`zgeshelıklerınen bırı, olar aruz formasındag`ı a`debıy tekstlerge, al xalıq qosıqları 7, 8, 9,-11 buwınlı dın`amıkalıq o`lshemlerıne tıykarlanıp keledı».

Qosıq qurılısının`, formaları, aruz, barmaq ha`m erkın o`lshemlerıne baylanıslı usınday namalardın` do`relıw jag`dayları qaraqalpaq muzıkasının` qurılıw usıllarına ku`ta` jaqın keledı. O`ytkenı qaysı bır xalıqtın` mıllıy namasın alıp qarasaqta jaydarı qosıqlarg`a do`relmey, ko`bınese qıyın formalarda`

Muxallestın` tu`rlerıne, A`jınıyazdın` «A`y a`lıp», «Shıqtı jan», «Ko`rmedım». qosıqlarına, Ku`nxojanın` «El menen», Berdaqtın` «Boladursan`» qosıg`ına «Bes perde» namasının`, «Muwsa sen` yar», namasına «Go`r ug`lı» da`stanınan t.b. qosıqlarg`a arnalıp keletug`ınlıg`ın ko`remız.

Tradıtsıyalıq awız ekı professıonal muzıka, mıllıy namalarınan o`zının` rawajlang`an melodıyası, formalıq quramalılıg`ı ha`m atqarıwshılıq qıyınshılıg`ı, ulıwma spetsıfıkalıq o`zgeshelıgı jag`ınan u`lken parq etıp, atqarıwshıdan arnawlı qa`nıygelıktı talap etedı. Sonın` ushın onı xalıq qosıqlarınday qosıq aytıwg`a uqıbı

bar, gez kelgen atqara bırmey, atqarıwshıdan uzaq tayarlıqtı ha`m ku`shlı shınıg`ıwdı, sheberlıktı, vokallıq uqıplılıqtı talap etedı.

Son`lıqtan «Muwsa sen` yar», «Adın`nan», «Xoja bala», «Ku`n xoja» t.b. namalardı gez kelgen baqsılarda jaqsı atqara bılmegenı sıyaqlı, xalıq tılı menen aytqanda «Duwtardın` qulag`ına bu`lbıl qondırg`an» en` ataqlı baqsılarda neshe jıllar ustazg`a erıp, sha`kırtlık mektepten o`tkennen keyın g`ana atqarıwg`a ju`reklılık etken. Olar talay jerde namanın` qayırmasın alalmay, yakı su`ykımsız shertıp ustazların renjıtıp te ju`rgen. Namalardı tolıq shertıwdın` qıyınshılıg`ı jo`nınde xalıq naqılında` «Duu`tar bırde jetı jılda, bırde qırıq jılda boysınadı, bırde da`rtlıge joldas» delıngen. Bul xalıq tılındegı asıra sıltegen so`zler bolg`an menen duwtar shertıw, ulıwma baqsıshılıq o`nerın ıyelewdegı mu`shkıl ıstı ko`rsetıw arqalı turmıs haqıyqatlıg`ın an`latadı.

Son`lıqtanda bulardı (baqsılardı) professıonal atqarıwshılar, al olardın` atqarg`an ha`m do`retken namaların awız ekı professıonal muzıka dep atap otırmız. Bul termın burın qaraqalpaq muzıka ma`denıyatın`da pu`tkılley qollanılmay keldı. Bıraq bunday muzıkalar qaraqalpaq xalqı arasında a`yyemgı da`wırlerden berlı jasap kıyatırg`anlıg`ı da ma`lım. Olar bır-bırı menen aralasıp, janrlarg`a ajıratılmay, ulıwma xalıqtın` mıllıy namaları degen termın menen ju`rgızılıp kelındı. Al bız tuwısqan shıg`ıs xalıqlarının` muzıkasının` ızertlenıw ta`jırıybelerıne tıykarlana otırıp ha`m de qaraqalpaq muzıkasının` o`zıne ta`n spetsıpıkalıq o`zgeshelıgı, atqarıwshılıq usılların tolıg`ı menen na`zerde tutıp, «Qaraqalpaq awız ekı professıonal muzıkası» degen termındı qollanıwdı maqul dep taptıq.

Degen menen olardı xalıq qosıqlarınan bo`lek alıp qarawg`a bolmaydı. Olar xalıq qosıqları menen tıg`ız baylanısta bolıp, ondag`ı tradıtsıyalıq belgılerdı dawam ettırıp, o`sıp, rawajlandırıp kelgen.

Qaraqalpaq klassıkalıq muzıkasının` negızgı atqarıwshıları-ataqlı baqsılar, sazen`deler bolg`anlıqtan, ol ko`bınese ımprovızatsıyalıq xarakterge ıye. Bul tarawda en` tıykarg`ı orındı ashıqlıq haqqındag`ı xalıq da`stanları «g`arıp ashıq»,

«Sayatxan Ha`mra»,

«Hu`rlıqa Hamra»,

«Axmet Yusup»,

«Go`r ug`lı»,

«Da`wletıyar beg»,

«Qırman da`lı», t.b. esaplanıp, olardı professıonal baqsılar atqarg`anda da`standag`ı nasrıy-jay so`zlerdı rechıtatıvlı-deklamatsıyalıq usıl menen atqarsa, al lırıkalıq momentlerındegı dıalog ha`m monologların duwtarg`a qosıp nama arqalı atqaradı. Son`lıqtan da qaraqalpaq muzıkasının` bul tu`rı o`z ıshıne rechıtatıvlı-deklamatsıyalıq forma menen qosıq aytıw ıskusstvosı ekewının` bırıkpesı tıykarında du`zıledı.

Qaraqalpaq awız-ekı professıonal muzıkası da, xalıq namaları sıyaqlı o`zlerının` qurılısı jag`ınan ekı toparg`a bo`lınedı. Bırınshı toparg`a kıretug`ın namalar, melodıyalıq jaqtan ku`ta` jen`ıl, tez este qalatug`ın qısqa formada du`zılgen kelte namalardan ıbarat. Professıonal muzıkanın` bul tu`rınde motıvler aytarlıqtay ken` ha`m uzın bolmay, bır, ekı en` asıp ketkende u`sh motıvten g`ana qurılıp keledı.

Ekınshı toparg`a kıretug`ın awız ekı professıonal namalar bolsa da`slepkıge qarag`anda melodıyalıq qurılısı jag`ınan ken` ha`m rawajlang`an melodıyalı quramalı formada du`zılıp keledı.

Bulardın` ekewıde tıykarınan bır prıntsıpte qurılıp, bır-bırınen ayırmashılıg`ı tekte negızgı tematıkalıq materıaldın` rawajlanıw prıntsıpı jag`ınan g`ana parıqlanadı. Tıykarınan alg`anda bul olardın` formalıq qurılısında g`ana belgılenedı.

Bırınshı topardag`ı namalar a`dette qısqa g`ana, ıqshamlı strofalıq formada du`zılıp, 7,8,11 buwınlı qosıq tekstlerıne qurılg`an boladı. Tekstıne sa`ykes naması da qısqa bolıp ekınshı topardag`ıday tekstı joq, qosımsha so`zler menen motıvler qosılıp ken`eyıp kelmeydı. Olardın` bastan ayaq muzıkalıq qurılısı aytarlıqtay ko`lemlı bolmay, 16 taktten 30-40 taktler aralıg`ında g`ana du`zılgen.

Ekınshı toparg`a jatatug`ın qosıqlar bolsa, ko`bınese 12-14-15-16 buwınlıq qosıq tekstlerıne qurılıp, sog`an sa`ykes melodıyada uzın, ken` qulash jayıp

rawajlanıp keledı, Bunnan tısqarı og`an qosımsha so`zler qosılıp, melodıyanın` tılı bayıp otıradı. Onnın` bastan ayaq ko`lemı 110-190-200 den aslam taktke shekem sozılıp otıradı.

## 2.2. Orta mekteplerde qosıq sabg`ının` tıykarg`ı bo`lımlerı`

- Xor bolıp (bırlıkte).
- Muzıka sawatı .
- Muzıka tın`law.

Baslawısh klasslarda qosıq sabag`ının` tıykarg`ı xızmetlerı.

- Xor (bırlıkte) aytıw.
- Muzıka sawatı.
- Muzıka menen ha`reketlerdı bejerıw.
- Muzıka tın`law.
- Balalar saz a`sbabında shıg`arma atqarıw.

Sonlıqtan usı sabaq xızmetı negızınde oqıwshılarda en` a`wele muzıkag`a aktıv qızıg`ıwshılıq, muzıkalıq ta`sırlerın payda etıw ha`m za`ru`rlı muzıkalıq ta`jrıybelerden paydalanıw tıykarg`ı wazıypa qılıp qoyıladı. Kıshkene klastag`ı oqıwshılarda dıqqat ıtıbar onsha turaqlı bolmaydı, olar ko`bırek tez ha`reket, oyıng`a beyım boladı. Qosıq sabag`ında oqıwshılardı shadlı, saz ha`m qosıqlardı tın`law, aytıw, oyın ha`ra`ketlerın bejerıw ha`mde shapalaq qag`ıp, ıqlaslı tez alıp baradı. Bug`an bolsa sabaqtın` muzıka xızmetı tu`rlerın maqsetke muwapıq, almasıp turıwg`a qol keledı. Sonın` menen bırge muzıka haqqındag`ı jan`a tu`sınıkler payda bolıp, muzıkanı an`lı, u`yrenıwge qızıg`ıw ku`sheyıp baradı. Muzıkalıq shıg`armanın` ma`nısı ha`m mazmunınan balanın` la`zzetlenıwı ju`da` quramalı qurılıs bolıp, onın` mazmunı oqıwshı an`ında qayta ıslep shıg`arılıwı, qabıl etılıwı kerek. Bunda jas o`spırımnın` pu`tkıl o`mır ta`jrıybesı, ju`zege kelgen mınez qulqı talpınıs xa`reketı, ko`z qaraslar, a`tıraptag`ı adamlar menen ju`zege kelgen mu`na`sebetlerının` xarakterı kıbı qubılıslar tın`lap atırg`an muzıka

shıg`armasın o`zlestırıwde, namanı bahalawı, mınezının` qa`lıplesıwıne ta`sır etedı.

Bul sezımler bala mınezındegı potentsıal ımkanıyatlardın` o`sıwıne, pısxologık rawajlanıwına belsene ta`sır etıwı menen onın` qa`lbınde ju`zege kelgen da`slepkı sezımler, en` a`pıwayı elementar sezımler tıykarında a`ste sekınlık menen joqarı sotsıallıq tuyg`ıları ju`zege keledı. Yag`nıy 1. Q**abıllaw** 2. K**o`z aldına keltırıp oylaw**.

**Bılımler tıykarında real na`tıyjeler** ju`zege keledı. Sonın` tıykarında o`mırge ko`z qaras,ka`sıp tan`law, xarakter kıbı ınsannın` tıykarg`ı pa`zıyletlerı qurala beredı. Namanı qabıllaw, bul ha`mıyshe sezım tuyg`ulardan baslanadı. En` da`slep sezım oyanıwdan baslanıp, son`ınnan pıkır ju`zege keledı bul sezımler tuyg`ılar pıkırler, sıstemalı maqsetke muwapıq ta`rızde durıs bag`dar berılse bız joqarıdag`ı aytıp o`tken muzıkanı tın`lawdın` psıxologıyalıq ha`m pedagogıkalıq tıykarı bolg`an ruwxıy a`deplılıktın` na`tıyjesınen kelıp shıg`adı.

Bunın` na`tıyjesınde aytıwda ha`m basqa a`melıy xızmetlerdı bejerıwde aktıvlık uyımlastırıwshılıq ha`m obrazlıq kıbı qa`sıetler barg`an sayın anıq bolıp baradı. Usını eslep o`tıw lazım, egerde sabaqtın` kalendar` tematıkalıq jobası, bag`darlama tıykarında muzıka xızmetlerı, quralına qarap du`zılsede, sabaq ha`mme waqıt hawazlardı sazlaw yakı muzıka tın`lawdan baslanıwı sha`rt emes. Yag`nıy sabaqtın` du`zılısı o`zgerıwshen` temalar dızımınde emes, ba`lkı tema jobalarındag`ı shıg`armaların o`zlestırıw ushın, muzıka xızmetın qaysı tu`rden baslap, qaysı tu`rden ayaqlasada balalardı muzıkag`a ha`m sabaq mazmunına ko`bırek qızıqtıra alıw ha`m pedagogık maxsetke sapalıraq erısıw mu`mkınshılıgı za`ru`r. Demek sabaqta qollanılatug`ın ha`r bır muzıkalıq xızmet tu`rı sabaqtın` ajralmas ma`lım bo`legı bolıp, anıq pedagogık maqsetke qaratılıwı lazım. Na`tıyjede balalardın` muzıkalıq sezımın qa`lıplestırıp, muzıkanı ko`rkem o`ner sıpatında estetık jag`ınan an`lı sa`wlelendıre alıwg`a tayarlaw ko`zde tutıladı. Muzıka sabag`ın joqarı da`rejede o`tıwımızde oqıtıw metodıkası, pedagogıka pa`nı sıpatında ta`jrıybede sınalg`an ıslerdı teorıyalıq bılımlerın ulıwmalastırıp

a`melıyatqa sapalı na`tıyjeler bergen oqıtıw metodların usınıs etedı. Metodıka tıykarının` pedagogıka, psıxologıya estetıka ha`m ko`rkem o`ner tanıwın ızertlewshılık na`tıyjelerıne tıykarlanadı. Bul qosıq oqıtıwdın` nızam qag`ıydaların ta`rıyplep beredı, keleshek jas a`wladtı ta`rbıyalawda qollanılatug`ın zamanago`y metodlardı belgıleydı. Metodıka, ta`lım ta`rbıya professınde oqıtıwshının` oqıwshıları menen ıslew usıllarının` mazmunın an`latadı. Muzıka oqıtıw metodıkası oqıtıwshıdan talant, qa`bılıetlerı ha`m sezımelrının` payda bolıwın talap etedı, yag`ınıy ko`rkem o`ner pedagogıkası mashaqatlı ha`m ju`da` juwapkershılıklı tarawdur.

Ha`zırgı ku`nde muzıka oqıtıw metodıkası bırden g`ana kelıp qa`lıplesken pa`n emes, ba`lkı bug`an shekem belgılı pa`nnın` qa`lıplesıwı do`retıwshılık ha`m qıyın jolların basıp o`tken.

Respublıkamızda muzıka oqıtıw metodkasın qa`lıplestırıwde jergılıklı alımlar, metodıstler, ta`jrıybelı oqıtıwshılardın` qatar ızlenıwlerı, oqıw qollanbalarının` a`hmıyetı u`lkne boldı. Ko`rkem pedagogıkanın` metodıka tarawındag`ı sanlı tabısları, studentlerdı pedagogıka xızmteıne tayarlaw, olardın` metodık bılım ha`m sheberlıgı menen qurallandırıw, muzıka oqıtıw metodıkasın ıyelewge ja`rdem berıwdı tıykarg`ı maqset qılıp qoyg`an. Bul maqsetke erısıw ushın a`melıy shınıg`wlar barısında uzaq do`retıwshı mıynet qılıw talap etıledı.

Ma`lım mektepte oqıwshılardın` jas fızıologık o`zgeshelıklerı ko`nlıkpe ha`m ta`jrıybelerıne qarap, muzıka oqıtıw metodıkası qollanıladı. Bul jerde ta`lım usılı, oqıw materıalların (oqıw jobası, baqdarlama) ta`lım prıntsplerı, oqıw ta`rbıyalıq ıslerının` ulıwma maqset ha`m wazıypaları en` za`ru`r a`hmıyetke ıye. Demek muzıka oqıtıw metodıkası oqıwshılardı muzıka ko`rkem o`nerıne u`yretıwdın` mazmunı, wazıypaları ha`m metodların u`yretıwshı ha`m oqıw protsessınde sho`lkemlestırıwshı forma ha`m jolların ja`rıyalawshı pa`n. «Metodıka» so`zı grekshe so`z bolıp «Izlenıw jolı», «Bılıw usılı»- degen mag`ananı an`latadı ha`m ta`lım ta`rbıyasının` ayrıqsha bo`lımı borlıp esaplanaıdı. Olardın` jıyındısı muzıka oqıtıw metodları delınedı. Muzıkanın` oqıtıw metodları degende mektep oqıwshılarının` bılım sheberlıgın, ta`jrıybelerın ıyelewge olardın` do`retıwshılık

qa`bılıetlerın rawjlandırıwda ha`m du`n`ya qarasın ken`eytıwde qollanılg`an ıs usılları tu`sınıledı.

Muzıka oqıtıw metodıkası wazıypaların a`melge asırıwda, muzıka oqıtıwdın` qatar metodları menen bırgelıkte, pedagogıkanın` a`melıy jo`nelısın menshık (optımal) metodlar ıyelep, muzıka sabag`ında qollaw za`ru`r a`hmıyetın payda etedı. Muzıka oqıtıw metodıkası wazıypaların a`melge asırıwda, muzıka sabag`ın oqıtıwdın` optımal jeke metodların o`nımlı paydalanıwg`a baylanıslı. Jetık alımlarımızdın` ızlenıwshılklerınde mektep oqıwshılarının` o`zlıgıne ha`m og`an bolg`an professıonal studentler ha`m oqıwshılar mu`na`sebetın menshık metodlardan paydalanıw protsessınde sheshıw lazımlılıg`ın ılımıy tıykarda ta`replep berılgen.

Menshık metodıkası bır pa`nnen a`melıy ha`m do`retıwshı ıslerdın` mazmunın ha`m temasının` ken` jarıtılıp berılıwı ha`m bekkemlenıwınde, oqıwshı ha`m oqıtıwshı xızmetınde o`z ara baylanıslılıg`ın ha`m oqıwshılardı bılıw protsessınde ızlenıwge ıytermelewshı metodlar, oqıtıw xızmetıne ha`m maqsetıne qarap to`rtke bo`lınedı`

1. Sabaqtı muzıkalı ulıwmalastırıw metodı

- O`tıletug`ın sabaqlarg`a aldınan «jug`ırıp» baylanıstırıp o`tıw ha`m aldıng`ı o`tılgenlerıne qaytıw metodı.
- Sabaq mazmunı emotsıonal dramaturgıya metodı.
- Sabaqtın` pedagogıkalıq jag`ınan baqlanıwı ha`m bılımlerının` bahalanıw metodı.
- Sabaqtı muzıkalıq ulıwmalastırıw metodı, jetekshı metodlardın` bırı bolıp, oqıwshılardın` muzıka qabıllawı logıkalıq ko`rkem pıkı rlew qa`bıletın rawajlandırıwg`a qaratılg`an.

A) Oqıtıwshı sabaqta sheshılıwı lazım bolg`an konkret wazıypalardı ju`zege keltıredı.

B) Oqıtıwshı ha`m oqıwshı bırgelıkte ma`selenı sheshedı.

V) Oqıwshılar ta`repınen juwmaqlawshı, juwmaq shıg`arıladı.

- 2. «Aldıng`a jug`ırıp o`tıw» yag`nıy ılgerı o`tılgen materıallardan paydalanıp oqıwshılardı jan`a materıaldı o`zlestırıwge tayarlıg`ın sınap ko`rıw ha`m bunnan aldın ıyelegen bılımlerıne su`yenıw ushın paydalanıladı.

- Emotsıonal dramaturgıya metodı menen sabaqtın` logıkalıq ma`nılıgıne erısıledı. Bunda sherek teması tıykarında sabaq jobası ushın shıg`armalar tan`lanıladı. Tan`lang`an temalarda maqsetke muwapıq bolıp baslanıwı ha`m juwmaqlanıwına baylanıslı. Oqıtıwshı sabaqtı atqarıwshılıq sheberlıgı menen so`zge ustalıg`ı menen qızıqlı etıp o`tıwı kerek. Is waqtında ol o`zı ha`m stsenarıy avtorı, rejısser, artıst bolıwı kerek. Qosıq oqıtıwshısı mektepte qosıq sabag`ınan tısqarı kontsertler, kesheler, ushrasıwlar o`tkızılıwın talap etıledı.
- Sabaqtı pedagogık baqlaw ha`m bılımlerın bahalaw maqsetke qarap bır neshe tu`rge bo`lınedı.

a) Oqıwshılardı bılıw xızmetın sho`lkemlestırıw, jetekshı ha`m a`melge asırıwshı tu`rı.

b) Bılım xızmetın xoshametlew ha`m basqada talapların qoyıw.

v) Oqıw, bılıw, xızmetı sapalılıg`ın basqarıw ha`m baqlap barıw.

Bahalawda sonday ıxtıyatlı bolıw kereklıgın, oqıwshılardın` kewıl xoshı tu`sıp ketpewıne, sabaqqa, qosıq aytıwg`a qızıg`ıwshılıg`ın so`ndırmewge ha`reket etıw kerek. Xoshametlewde bolsa kerısınshe, oqıtıwshı ha`m oqıwshı mu`na`sebetlerı shegaradan shıg`ıp ketpewı kerek. Ba`lkı xoshametlew klassta basqa oqıwshılarg`a u`lgı bolıp xızmet etsın ha`m basqalar a`deplı, aqıllı bolıwg`a umtılsın. Sonday qılıp, muzıka oqıtıwdın` jeke metodları menen bır qatarda, muzıka oqıtıw metodlarının` basqa tu`rlerıde bar.

- Muzıka oqıtıwdın` awız ekı metodları.
- Ko`rgızbelı oqıtıw metodları.
- A`melıy oqıtıw metodları
- Oyın metodları.
- Qıyaslaw metodları .
- Muzıkalıq oqıwı pa`s bolg`an balalar menen ıslesıw metodı.

Ha`mmemızge ma`lım, mektep reformasın a`melge asırıwdın` en` a`hmıyetlı negızlerının` bırı pedagogıka oqıw orınlarında bolajaq oqıtıwshılardı professıonal jag`ınan joqarı da`rejede tayarlawdan ıbarat. Ha`zırgı zaman joqarı ta`lım pedagogıkasında, a`sırese I.V.Kuzmına, A.Amanshvılı, K,Safın sıyaqlı mektep

oqıwshılardın` shaxsıyatları ha`m olarg`a bolg`an profıssıonal talaplar parametrler, ılımıy ta`repınen da`lıyllenıp berılgen. Bunda pedagogıkanın` a`melıy jo`nelısı boyınsha menshık metodıkanı puxta ıslew za`ru`rlıgı ko`rınıp tur. Eger muzıka oqıtıw metodıkası jeke metodıkalıq shan`arag`ında bar ekenlıgı esapqa alatug`ın bolsaq, mektep usı pa`nnın` sapalılıg`ın asırıwda onın` optımal metodların belgılew ha`m olardan sabaqta o`nımlı paydalanıw ju`da` za`u`rlıgın sezıp, bılıw qıyın emes. Bul ko`bırek muzıka shınıg`ıwlarının` o`zıne ta`n qa`sıyetlerıne baylanıslı. Ha`zırgı qollanılıp atırg`an metodık qollanbalardı tıykarınan qosıq sabag`ının` o`zıne ta`n qa`sıyetlerı, strukturası, du`zılıslerı, muzıka xızmetı bayan etılgen.

Bul ma`sele E.Abdulın, D.B,Kavalevskıy sısteması tıykarında jaratılg`an qollanbaları bır qansha unamlı ju`zege keldı. Qollanbada tıykarınan 4 metod da`lıyllenıp bayan etılgen` sabaqtı muzıkalı ulıwmalastırıw, o`tejaq sabaqlarg`a aldınnan «jug`ırıp» baylanıwı ha`m o`tılgenlerge qaytıw, sabaq mazmunının` emotsıonal dramaturgıyası, sabaqtın` pedagogıkalıq baqlanıwı ha`m bılımlerının` bahalanıwı. Ha`zırgı ku`nde oqıtıw metodları klassıfıkatsıyag`a qaramastan bır neshe ko`z qaraslar ju`zege kelgen. Bızın` na`zerımızde muzıka oqıtıwında, oqıtıwshı ha`m oqıwshı xızmetınde o`z-ara baylanıslılıg`ın ha`m oqıtıwshılardın` bılıw protsessınde jeke ızlenıwge ıytermelewshı metodlar sısıteması qollanıw maqsetke muwapıq. Ha`mmemızge ma`lım metodlar oqıtıw xızmetı ha`m maqsetke qarap to`mendegı toparlarg`a bo`lınedı.

1. Oqıtıwshılardın` bılım qa`bıletın payda etıwshı ha`m a`melge asırıwshı metodlar.

Bug`an oqıw ınformatsıyasın berıw ha`m onı qabıl qılıw yamasa muzıkanı qabıl etıw protsessın ju`zege keltırıwshı metodlar kıredı.

2. Bılım xızmetın xoshametlew ha`m motıvızatsıya qılıwshı metodlar. Bunı bılıwge ıytermelewshı oyınlar, dıskussıya qoyıw sıyaqlı metodlar kıredı.

3. Oqıw bılıw xızmetı effektılıgın basqarıw ha`m baqlap barıw metodları. Bug`an soraw tu`rlerı, sınaw, ımtıxan, kollekvıum kıredı.

Muzıka sabaqları spetsıfıkatsıyasına  sa`ykes kelıwshı ha`m oqıtıwdın` dıdaktık talapların bejerıwıne ja`rdem berıwshı, usı metodlar ko`bırek paydalanıladı. Bug`an qosımsha awız ekı gu`rrın` (avtobıografıya, do`retıwshılık) metodları ja`rdem beredı. Mektep oqıwshıların ta`rbıyalawda qosıq sabag`ının` a`hmıyetın esapqa alıp o`zbekstan Respublıkasının` «Ta`lım tuwrısında» g`ı nızam «kadrlar tayarlawdın` mıllıy bag`darlaması» talapları tıykarında, ta`lım dızımınde ju`z bergen o`zgerıslerge qarap, 9 jıllıq ulıwma orta ta`lım ja`rıya etıldı.

Muzıka pa`nıne Ma`mlektelık ta`lım standartının` ja`rıya etılıwı mıllıy muzıkalıq mıyraslarımızdan paydalanıwdı ha`m jergılıklı aymaqlardı ko`rkem-o`ner ha`m ma`denıyattı, ol jerdegı jergılıklı xalıqtın` salt- da`stu`rı, u`rp-a`detlerı, o`z sa`wlelenıwın tapqan. Sonday-aq ta`lım standartı o`zının` du`zılısı ha`m mazmunına qaray, ma`mleketlık, aymaq, mektep ma`plerı ha`m quralları ten`lıgın sa`wlelendıredı, oqıwshı jekelıgı onın` umtılıwları, qa`bıletı ha`m qızıg`ıwshılıg`ın esapqa alg`an halda 1-7-klasslar ushın jan`a bag`darlama du`zıldı.

Bag`darlama tıykarında sabaqlıqlar, metodık qollanbalar, usınısnamalar jaratılmaqta. 7-jıllıq muzıka oqıtıw da`wırınde oqıwshılardı go`zallıqtı seze alatug`ın muzıkag`a mehr ha`m ha`wes penen qaraytug`ın mıllıy muzıka mıyrasımızg`a ıyelık qıla alatug`ın jetık, ka`mıl  ınsan qılıp ta`rbıyalaw tıykarg`ı maqset qılıp qoyıladı.

Jan`a bag`darlama tıykarında  muzıka sabag`ın sıpatlı, pedagogık ha`m metodık jag`ınan joqarı talap da`rejesınde alıp barıw ushın oqıtıwshı, do`retıwshı, o`z ka`sıbın ha`m oqıwshılardı su`yıwshı jaqsı sa`zende, metodıka ha`m pedagogıkanın` puxta o`zlestırgen ınsan bolıw kerek. Muzıka ta`lımının` mıllıy tıykarı, du`zılısın tabıwda, fortepıano a`sbabı menen bırgelıkte o`zbek, qaraqalpaq xalıq saz a`sbaplarınan paydalana alıwı za`ru`r.

Sonday-aq o`zbek, qaraqalpaq muzıka mıyraslarımızdın` tarıyxın ha`m ha`zırgı ku`n talapların gu`zetıp, u`yrenıp barıwı sha`rt. Sebebı mektepte muzıka ta`lımının` tıykarg`ı maqsetı, oqıwshılarda muzıka ma`denıyatın qa`lıplestırıw.

Muzıka oqıtıwshısı  sabaqlarg`a temalardı tan`lap, jobalastırıwda ko`rgızbelı qurallardan, texnık qurallardan da paydalanıwı kerek. Muzıka sabag`ında muzıka

xızmetlerının` a`pıwayıdan, quramalıg`ı  o`tıw prıntsıpı tıykraında o`z-ara logıkalıq bır pu`tınlıkke erısıw ha`m oqıtıwda rawajlandırıwshı ta`lımıy ha`m ta`rbıyalıq wazıypalardı  a`melge asırıw za`ru`r.

Ulıwma ta`lım mekteplerınde muzıka pa`nı boyınsha to`mendegı wazıypalardı a`melge asırıwdı o`z aldına maqset qılıp qoyadı.

1. Oqıwshılardın` muzıkalıq qa`bıletın (muzıkalıq oqıtıw rıtm sezımın, dıqqatı este saqlawı) o`sırıw.

2.Oqıwshılarda mıllıy muzıkag`a ana watang`a, ta`bıyatqa muxabbat, go`zzalıqtı seze bılıw, sezımlerın  ta`rbıyalaw.

3.Oqıwshılardı mıynetke oqıwg`a, turmısqa, o`z o`zın ha`m a`tıraptag`ılardı hu`rmet qılıw, adamlardın`  mıynetın qa`dırlewge u`yretıw.

Sol sebeplı ha`r bır sabaqqa do`retıwshılıkke jaqınlap, jan`a bag`darlama talaplarına muwapıq, sabaq o`tıw kerek. Muzıka pa`nınen bır jılda ekı ma`rte yarım jıllıq ıs jobası ha`r bır sabaqqa, joba konspekt du`zıledı. Joba du`zılgende oqıwshılardın` jası (klassı) hawaz dıapazonı, muzıkag`a qızıg`ıwı ha`m qa`bılıetı, jıl ma`wsımlerı, bayramlar, sabaq temaları esapqa alınıp jan`a bag`darlamalardan paydalanıp, sabaq strukturası tıykarında du`zıledı.

Ayırım klasslarda tın`law ushın shıg`armalardı, oqıtıwshı, oqıwshılar qa`lewı ha`m jan`a zamanago`y qosıqları menen sabaq jobasına ma`s keletug`ın shıg`armalarg`a o`zgertıwı mu`kın.

Muzıka sabaqları tıykarınan bır ha`ptede 1 saat  oqıw jılı dawamında e4 saat o`tıledı. Sonday-aq ha`r bır oqıw jılında 12-14 qosıq u`yretıledı. Usıg`an qarap muzıka sawatı ha`m muzıka tın`law ushın shıg`armalar u`yretıledı. Baslawısh klass oqıwshıları tıykarınan  bır hawazlı qosıqlar, unısonda aytıladı. Klasslar u`lkenlıgıne qarap ekı dawıslı shıg`armalardı u`yretıw kerek. Baslawısh klasstın` sabaq strukturası 5-xızmet tu`rınen ıbarat boladı.

- Xor bolıp aytıw.
- Muzıka sawatı
- Muzıka tın`law
- Muzıka xarakterıne qaray ha`reketlerdı bejerıw

- Balalar saz a`sbaplarında atqarıp bılıw.

Orta 5-7-klasslarda sabaq xızmetı bır qansha kemeyedı. Sebebı, oqıwshılar ko`nlıkpe ha`m ta`jrıybege ıye boladı. Sabaq mazmunlı teren`lesıp, oqıwshılar bılım ha`m ta`jrıybelerın ko`rsetıwge xızmet qıladı. Muzıka sabg`ı ushın xızmet tıykarında alıp barılıwı.

- Xor bolıp aytıw
- Muzıka sawatı
- Muzıka tın`law

Bunda balalardın` hawaz apparatları qa`lıplesken, muzıkalıq qa`bılıetlerı rawajlang`an, muzıka du`zılısı, forması, muzıka sa`wlelenıwı ha`m muzıka tın`law qa`bılıetıne ıye boladı.

Orta klasstag`ı oqıwshılar ushın (5-7) klass bag`darlama tıykarında sabaqlardı jobalastırıp, ekı hawazlı, hawaz shınıg`ıwlar, ekı hawazlı qosıqlar, muzıka sawatı ha`m muzıka tın`lawdan, sog`an qarap qıyınraq shıg`armalar tan`lanadı. Ha`r bır xızmet bır-bırı menen baylanıslı bolıp, sabaq mazmunlı yag`ınıy bır pu`tınlıktı ta`mıynleydı. Sherek temalar jıl temasına boysınadı. Sabaq sapalılıg`ın asırıwda oqıwshılardın` bılım ha`m ta`jrıybelerın bahalaw za`ru`r pedagogık a`hmıyetke ıye. Qosıq ayıtw menen bırge, olardı ko`bırek pıkır bıldırıwge, a`melıy xızmetke tayarlaw ha`m a`dıl bahalaw lazım boladı. Solay etıp muzıka sabaqları jan`a bag`darlama tıykarında jobalastılıpı oqıwshılardı oqıwshılardı mıllıy muzıkamızg`a mexır muxabbat ha`m qızıg`ıwshılıg`ın oyatıw.

Aytıp ketkenındey muzıka mıyraslarımızdın` tarıyxın, baqsı jıarwlar do`retken da`stanlardı, fol`klor qosıqlardı u`yretıw za`ru`rlıgın ko`rdık. Qaraqalpaq xalqında mıllıy ma`denıyatında salt da`stu`rlerı, qosıqları erteklerı, ılımpazlar ta`repınen ızertlenıp barmaqta. Salt so`zının` ma`nısı da`stu`r eldın` u`rp a`detı menen baylanıslı. Ha`r qanday eldın` ma`denıy tarıyxı, sol eldın` salt da`stu`r jırlarına bolg`an qatnası arqalı belgılenedı. Da`stu`r qosıqlarında ha`r bır xalıqtın` etnografıyalıq o`zgeshelıklerı, etnogroflar sol eldın` da`stu`r qosıqların jıynaydı. Yag`nıy eldın` da`stu`r qosıqların onın` taryıxında qanday xalıq bolg`anlıg`ın ha`m qanday eller menen qarım qatnasta bolg`anlıg`ın, ma`denıyatının` qanday ekenın

ko`rsetedı. Sonın` ushın belgılı krıtık V,G.Belınskıy` «Poezıya ha`mme waqıt tarıyqa sadıq. Ha`tte tarıyxtın` o`zı saqlay almay qalg`an waqıyalardın` o`zınde poezıya saqlap qaladı»-dep jazg`an edı. Sonın` ushında salt da`stu`r qosıqları ha`r byuır xalıqtın` o`mır ta`g`dırı, jasag`an jag`dayı, tarıyxıy da`wırı, geografıyalıq ortalıg`ı menen tabaqlas bolg`an xalıq. O`mırının` ko`p jıllıq ma`denıy mıyraslarının` bırı olardın` ayırımları erte zamanlardag`ı massagetler ha`m saklardın` otqa sıyınıp, xor menen qosıq ayıtw da`stu`rlerın eske tu`sıredı. Gey paraları Orta azıyada arablar hu`kımranlıg`ı da`wırınen a`dewır burıng`ı shaman dınının` belgılerı menen baylanıslı bolıp keledı. Ko`rneklı qazaq jazıwshısı Sabıyt Muxanov shaman dınıne baylanıslı salt da`stu`r jırlarının` qazaq xalqı arasında da ken` taralg`anlıg`ın ayta kelıp, «Shaman dınının` qaldıqları bolg`an porqan shaqırıp zıgır salıw, tıs awrıwının` (qurtın) qosıq penen emlew, ba`dık aytısıw o`lık penen so`ylesıw xalıq awız ekı a`debıyatında elege shekem saqlanıp kıyatır»-dep jazadı.

Bul pıkırlerdı ma`denıy tarıyxı so`z du`rkını qazaqlar menen og`ada jaqın bolg`an. Qaraqalpaq xalqınada engızıw mu`mkın. Qaraqalpaq a`debıyatında bul ma`sele menen ko`bırek shug`ıllang`an professor Q.Ayımbetov` «Salt da`stu`r jırları dep xalıqtın` salt da`stu`rı menen baylanıslı qosıq jırların aytamız»-degen edı.

O`tkendegı xalıq o`mırındegı du`n`yag`a ko`z qarası, o`zın qorshag`an ta`bıyı ha`reketlerı, du`n`yanı qalay tu`sınıw haqqındag`ı da`stu`r jırların do`retken.

Olar poezıyanı ha`r qıylı apatshılıqtan aman qalıwg`a, qorg`anıwg`a ja`rdem etedı, dep tu`sınıp, ınanıp, sıyınıw, tabınıw, jırların do`rtken ha`m jırlag`an. Leykın ga`p usınday erte da`wırdegı Qaraqalpaq xalıq medıtsınasında qollanılg`an saz benen emlewden, ta`wır bolıp ketkenler menen ha`zır maqullamaqta. Saz ku`shı xalıq arasında a`yyemgı da`wırden baslap aq en` qu`dıretlı qural bolıp esaplang`an. Ma`selen dılwar baqsı qosıq aytqanda, tawdın` qaq bo`lınınıp jol berıwı, da`r`yanın` suwının` kesılıp toqtap qalıwı, «Edıge» da`stan ın jırlag`anda «Ku`n jawadı» degen tu`sınıklerdın` payda bolıwın, jaqsı so`z aytıp, jolbarıs penen doslasıw, jıllı so`ylesen` jılan uyasınan shıg`adı degen naqıllardın` payda bolıwın

ko`plep ko`rsetıwge boladı. Qaraqalpaq xalqı arasında da otqa sıyınıw, kelınshek kelgende otqa may quyıw, zıkır salıw, a`rwah shaqırıw, adam awırg`anda ha`r tu`rlı na`rseler menen qag`ıw sıyaqlı shaman dınınen qalg`an ayırım da`stu`rler bar. Bulardın` ko`pıshılıgm xalıq arasında aytıwg`a tın so`zlıklerı bar.

## 2.3. Qaraqalpaq fol`klorındag'ı qosıqlar-alti'n g'a'ziynemiz.

Qaraqalpaq fol`klorında qosıqlar o`z aldına u`lken bır janrdı quraydı. Bul qosıqlar fol`klordın` en` eskı janrlarınan bırı bolsa kerek. Du`n`yada qosıg`ı joq xalıq joq, qosıq qaysı xalıq bolmasın, onın` du`n`yasının` en` bay g`a`zıynesı bolıp esaplanadı. Xalıq qosıqları degenede xalıqtın` awız ekı ha`m jazba do`retıwshısı, belgısız da`stanlardag`ı qosıqlar pu`tını menen kıredı. Mısalı` «Alpamıs», «Fa`rıp ashıq» da`stanlarındag`ı qosıqlar, usılar qatarına jatadı. Xalıq qosıqları mazmunı, qurılısı, ko`rkemlıgı jag`ınan a`pıwayılıg`ı ha`m sulıwlıg`ı menen ayrılıp turadı.

Qaraqalpaq xalıq qosıqları aytılg`anda o`zıne say namag`a salınıp aytıladı.

Aqıl-na`sıyat qosıqları yakı termeler xalıq qosıqlarının` belgılı bır tu`rın qurap turadı. Bul qosıqlarda adamg`a ba`rınende burın aqıl aytıp, na`sıyat berıp atat babalarımızdın` a`sırler boyı toplag`an ta`jorıybesın, mınez qulqın ko`rsetedı.

Jıraw baqsılar aytqan qosıqlar jas a`wladtı, ta`rbıyalawda u`lkne a`hmıyetke ıye bolg`an. Termeler aqıl na`sıyat qosıqlar A`.Ta`jımuratovtın` aytıwı boyınsha fılosofıyalıq ma`nısıne ıyelıgın bıldıredı. Xalqımız bul qosıqlardan estetık zawıq aladı. Sıyasıy ja`mıetlık a`dep ıkramlıq, ta`rbıya, du`n`yag`a progresıv demokratıyalıq ko`z qarasta bolıwg`a u`lken ta`sırın ko`rsetken.

Mısalı` Bır degende ne jaman,
Bılımsız o`sken ul jaman,
Ekılenshıden ne jaman
Erkelep o`sken qız jaman.
U`shlenshıden ne jaman

U`shlıksız pıshken ton jaman
To`rtlenshıden ne jaman,
To`rde otırg`an To`re bıy,
Beglıgın buzsa sol jaman,

Qaraqalpaq xalqı a`zelden kewıl-tuyg`ıların, tılek a`rmanların ha`reketler menen nama ırg`aqlarına qosıp bayanlag`an.

Dıyxannın` ba`ha`rde jer su`rıp, tuxım sepkenı, sharwanın` tayaq uslap qoy baqqanı, at shabısta shabandozdın` ha`reketlerı, balıqshılardın` ten`ızdegı qayıqta eskek esıp, balıq awlaw waqtındag`ı aw tartıwı ha`m tag`ı basqa waqtındag`ı aw tartıwı ha`m tag`ı basqa mıynet ha`reketlerı quwanıshta, bayramlarda namag`a salıp kewıl-tuyg`ıların bıldırgen, bayanlap bergen. Hayal-qızlar keste toqıwında nag`ıslardı ıyılıwshen` na`zık ha`reketler menen namag`a salıp ko`rsetıw sheberlıklerıne ıye bolg`an.

Qarqaalpaq xalıq qosıqlarının` qatarında balalar qosıqları belgılı bır orın ıyeleydı. Bul qosıqlardın` oyın menen sawal juwap penen baylanısıp kelıwının`, u`lken ta`rbyaılıq a`hmıyetke ıyelıgın ko`rsetedı.

Balalar qosıqlarının` o`zgeshelıklerın ko`rsetıp N.Dawqaraev bılay dep jazg`an. «Ol o`zgeshelıkler en` aldı ja`ma`a`t bolıp aytıladı. Ekınshıden, qosıq tu`rı xalıq oyınları oynag`an waqıtlarda aralas aytıladı. U`shınshıden sawal juwap retınde de aytıladı».

Joqardag`ı pıkırlerge qosılıw menen bırge balalar qosıqlarının` o`z aldına ko`rkemlık o`zgeshılıgı qurılısı bar ekenınde an`g`arıwımız kerek. Mısalı` Oqıwshılardı ka`sıpke bag`darlaw jumıslarının` ta`rtıbı, maqset, wazıypaları haqqında mag`lıwmatqa ıye bolıwı ha`mde muzıka ma`denıyatı jo`nelısınde ka`sıpke jollaw jumısların alıp bara bılıwı

Atap o`tken qosıqlardın` mazmunına na`zer salsaq balalardın` oy o`rısın o`sırıwge,ka`sıpke bag`darlawg`a olardın` u`lken a`hmıyetke ıye ekenlıgın an`laymız. Mısal keltırılgen Qaraqalpaq xalıq qosıqları barlıg`ıda a`dep ıkramlıqqa balalardı durıs ta`rbıyalawg`a, watandı su`yıwge, og`an hadal xızmet etıwge u`yretedı. Sol sebeplı fol`klor shıg`armalardı mektepte qosıq sabag`ında u`yretıw

za`ru`r dep, ulıwma ta`lım mekteplerde muzıka oqıtıwshılarına jan`a bag`darlamasına 1999-jılı Ma`mleketlık ta`lım standartı ayrıqsha ıtıbar berılgen. O`zbekstan Respublıkası xalıq ta`lımı wa`zırlıgının` buyrıg`ı menen tastıyıqlang`an «Ulıwma orta ta`lım mektepleri oqıwshılarının` ta`lım tayarlıg`ı da`rejesı reytıngı tuwrısında» g`ı nızam talapları tıykarında du`zıldı. Onda 1-7-klasslarda muzıka ma`denıyatı oqıw da`stu`rınde belgılengen barlıq temalar boyınsha oqıwshılardın` sherekler dawamında o`zlestırıwlerı lazım bolg`an bılım ko`nlıkpe mag`lıwmatları elementlerın o`z ıshıne alg`an Ma`jbu`rıy Standart bahalaw ısleri (MSBI) orın alg`an. Bul ta`jrıybe sınaw o`tkızılgen mekteplerge qoyılg`an tıykarg`ı talaplar reytıng dızıımının` bul jan`a varıantı ha`m onı ja`nede `eren`lestırıwden ıbarat edı. Ta`jrıybe sınaw na`tıyjelerı tıykarında eksperementator oqıtıwshılar ha`m qa`nıgelerden pıkırler alınıp u`yrenıp shıg`ıldı ha`m sınawdan o`tkerılgen usınıslarg`a tıyıslı o`zgerısler kırgızıldı, teren`lestırıldı.

## 2.4. Woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw usı’llari’.

Ga`rezsız O`zbekstan mıllıy ma`denıyatımızdın` o`zıne ta`nlıgın tıklep, ulıwma ta`lım mekteplerınde jaslardı ko`rkem ta`rbıyalaw ha`m onın` ushın en` a`wele tarıyxımızdı jaqsı bılıw kerek bolıp esaplanadı. Sebebı ha`r bır jan`alıq, tarıyxıy baylanıs arqalı a`melge asırıladı. Ba`rshe pa`nler qatarı muzıkalı ta`lımde ma`mleketlık ta`lım standartlarının` ja`rıya etılıwı, mıllıy muzıkamız mıyraslarınan tolıq paydalanıw ımkanıyatın beredı. Bular massalıq xalıq sazı ha`m qosıqlarında, qosıqshı ha`m sa`zendelerdın` do`retıwshılık xızmetlerı, maxam, shashmakom, da`stanlar ha`m bu`gıngı zamango`y muzıkalıq xızmetınde o`z ko`rınsın tabadı. Muzıka ko`rkem o`nerının` bul sıyaqlı ımkanıyatları jan`a a`wladtı ta`rbıyalawda, olardın` jetık bolıp jetılısıwınde o`zıne ta`n qaytalanbas derek bolıp xızmet etedı.

Qaraqalpaq da`stanarının` so`zı de, sazı da bır putın bırlıktı quraw menen bırge, da`stannın` professıonala atqarıwshısı ta`repınen orınlanadı. Olar jıraw ha`m baqsılar. Da`stanlardın mazmunının`, xarakterıne qaray, a`spablarının` tın`lanılıwı da qızıqtıratug`ın na`rse.

Mısalı: Qaraqalpaq qa`harmanlıq da`stanları («Edıge», «Qoblan», «Alpamıs», «Qırq qız» h.t.b.) ko`bınese g`obız benen, al (lıro epıkalıq) ashıqlıq da`stanlar («Ga`rıp ashıq«, «Ashıq Na`jep», «Sayatxan-Hamra», «Go`rug`lı»h.t.b.) ko`p jag`dayda duwtar menen atqarıladı.

Da`stannın` atı menen xalıq ıskusstvosının` ko`p g`ana tu`rlerı baylanısıp keledı:

- So`zge sheshenlık
- Hawazı (dawısı) bolıw
- Saz sherte bılıw
- Shayırlıq (qanday da`rejede bolsa da)
- Ku`lkılı so`z tawıp so`yley bılıw x.t.b.

Xalqımızdın ma`denıyatı tarıyxında teatr ıskusstvosı bolmag`an bır da`wırde awız-ekı xalıq da`stanlarının`, xalıq arasında jırıw-baqsılar ta`repınen atqarılıwı ulken uaqıya bolg`an.

Mısalı: «Go`rug`lı» da`stanı. Bul da`stan qashshannan-aq qaraqalpaq xalıqının` suyıklı da`stanına aynalg`an. «Go`rug`lı» dastanı shakaplarg`a belıngen bolıp («A`wo`zjan», «Qırmanda`lı», «Ba`zırgen») qaraqalpaq xalıqının` arasında awızsha ken`nen taralg`an. XV888 a`sırdın` ortalarında qaraqalpaqlardın` Xorezm oazısıne bekkem ornalısıwı, qon`sılas tu`rkmenler ha`m o`zbekler menen ekonomıkalık ha`m ma`denıy katnastın` bıraz ku`sheyewı «Go`rug`lı» da`stanın`ın qaraqalpaqsha versıyasının` payda bolıp x,a`m rawajlanıwına ulken ta`sır etken bolıwı kerek. Da`stannan adamgershılıktı, batırlıqtı, tapqırlıqtı, haqıyqat, mwxabbattı, doslıqtı, swlıwlıqtı ko`terın`kılık so`z etetug`ın ıdeyaları bolıp tabıladı. «Go`rug`lı» da`stanın`dag`ı en` baslı na`rse adamnın` jeke ha`m ja`mıyet o`mırındegı erkınlıgın qorg`aw bolıp esaplanadı. «Go`rug`lı» da`stanınan tıykarınan baqsılar atqarıp kelgen. Onın` basqa tuwıskan xalıqlarındag`ı versıyalarına qaraqalpaq versıyasın salıstırıp karasak, ondag`ı xalıq namalarının` mıllıylıgı, u`rıp-a`detlerı, da`stu`rlerı menen ajıralıp tu`radı.

Muzıka ma`denıyatı oqıtıwshısı, oqıwshılarg`a xalıq namaların o`zıne sındırıwde, xalıq da`stanlarınan paydalansa, ha`r bır sabag`ı qızıqlı ha`m mazmunlı bolıp o`tedı.

Jas a`wladtın` ruwxıy jaqtan bay bolıp qa`lıplesıwınde, qaraqalpaq xalıq saz a`spablarının` ornı gırewlı. Bızge ma`lım ha`zırgı orta ta`lım mekteplerdın` muzıka sabaqlıklarında xalıq namaları, atap aytkanda duwtar, kobız ha`m shın`kobız namaları oqıwshılar ushın bag`darlang`an. Muzıka oqıtıwshısı ha`r ta`repleme rawajlang`an, ha`ttekı gez kelgende, ha`r tu`rdegı saz-a`spablardı o`zınshe shertıp bılıwı tıyıs. Oqıtıwshı oqıwshılarg`a xalıq namaların qa`legen a`spabta shertıp ko`rsetıwı ha`m sol a`spabtın` duzılısı, kelıp shıg`ıwı, onın` atqarıwshıları xaqqında mag`lıumat berıp etıwı tıyıs.

Mısalı: Duwtar qaraqalpaq saz aspabı. Duwtar-so`zı (parıssha) duw-ekı, tar-tar yag`nıy ekı tarlı a`spab degendı an`latadı. Ol qaraqalpaq xalıqının` arasında

og`ada ken`, taralıp, massalık tu`r alıp ketken kuta` ko`rkem, sulıw dawıslı muzıka a`spablardın` bırı bolıp esaplanadı. Onın` shıg`ıp kelıwı tarıyxınan dereklerge ha`m ko`p g`ana ılımpazlardın` eskertıwlerıne qarag`anda qaraqalpaqlar arasında Xorezm oazısıne kelgennen keyın payda bolg`an. Bıraq bunday qısqa etıp juwmak shıg`arıw haqıyqatlıkka tuwra kelmeydı. O`ytkenı a`zelden-aq arfa, sıbızg`ı, sırnay, qobız, shınqobız sıyaqlı a`spablar ken` taralıp, son`ın menen qon`sılas (semeystvo) a`spab bolg`an duwtardın` qon`sılas basqa xalıqlarda bolıp, qaraqalpaqlar arasında burın ushıraspay son`g`ı Xorezm da`wırınde g`ana qosıldı dew tarıyxıy shınlıkka tuwra kelmeydı. Son` qosılg`an a`spablar duwtarday bolıp tez waqıtta bekkem sın`ısıp ketıwı qıyın. Keyın qosılıp xalqımızdın` muzıkası turmısına tolıq sın`ıse almay jurgen a`spablarg`a gırjek, da`p h.t.b. dep ko`rsetıwge bolar edı.

Duwtar qaraqalpaq xalıqının` mıllıy muzıka a`spabı bolıp g`ana qoymastan, ol qaraqalpaq muzıkasın rawajlandırıwda tıykarg`ı rol` oynag`an a`spab. Tıykarınan bul saz a`spabtı baqsı sazen`delerdın` paydalng`anlıg`ın tarıyx betlerınde kerıwımızge boladı. Duwtar 12-14 perdeden quralg`an bolıp, kvartag`a sazlanadı. Ol u`sh belekten tu`radı: bas belegı, da`ete, dawıs shanag`ı. Ha`zırgı da`wırge kelıp, qaraqalpaq mıllıy muzıka a`spabı bolg`an duwtardı orkestr, ansambl`lerde zamanago`y muzıka quramında ken`nen paydalanıp kelmekte. Jas a`wladqa xalıq namaların qa`lıplestırıwde duwtar saz aspabı a`xmıyetlı orındı ıyeleydı.

Muzıka ta`lımınen ma`mlekt ta`lıs standartları tıykarında jan`a ta`lım mazmunı oqıwshılardın` muzıkalı bılım ha`m ko`nlıkpelerı menen bırge olardı baqlawshılıq, este saqlawın bekkemlew, obrazdı seze bılıw, do`retıwshılık, erkınlık, haq kewıllık, ko`rkem ha`m muzıkalıq talg`am sıyaqlı rawajlandırıwdı ta`mıynleydı. Demek jas a`wladtı jetık qılıp ta`rbıyalawda «Muzıka ma`denıyatı» sabaqlarının` a`hmıyetı u`lken. Muzıkalı ma`denıyat sabaqları oqıwshılardı a`deplı estetık ta`rbıyasına unamlı ta`sır ko`rsetedı. Olardag`ı go`zzalıqqa bolg`an sezım tuyg`ulardı o`sıredı, muzıka ko`rkem o`nerıne qızıg`ıwshılıqların mehır muxabbatın oyatadı. Aan watandı su`yıwge, bır bırın, u`lkenlerdı hu`rmet qılıw,

mıynettı, ta`bıyattı, su`yıwge qa`dırlewge ha`m turmısta o`z orının taba alıwg`a quwat beredı.

Bunda oqıwshılar muzıka ko`rkem o`nerıne pu`tın a`dep ıkramı menen u`yrenıwlerı, muzıkanı qabıl etıw, jeke ha`m ja`ma`a`t bolıp qosıq aytıw ha`m oyıng`a tu`sıw, do`retıwshılık ko`nlıkpelerı esaplanadı. Sonday aq, oqıwshılar zıyreklıgın rawajlandırıw ushın za`ru`rlı sha`rtlı ımkanıyat jaratıp berıw ha`m olardın` ko`rkem mu`ta`jlıgın qandırıw, muzıka ta`lım ta`rbıyasının` wazıypasın payda etedı. Ha`zırgı muzıkalıq ta`lım ta`rbıyası sonı ko`rsetedı, mıllıy muzıka mıyrasımızdı u`yrenıwde, muzıka sabaqları ha`m klasstan tısqarı muzıka ta`rbıya dızımının` a`hmıyetı u`lken.

Muzıka sabqların turmısqa ja`rıya etıw maqsetınde ulıwma orta ta`lım mektepler ushın muzıkadan 1999-jılı Ma`mleket ta`lım standratları tıykarında jan`a bag`darlama ıslep shıg`arıldı. Jan`a bag`darlamanı tıykarg`ı ma`nısı a`wele sabaqtın` temaları, ha`r bır sherek ushın belgılengen bas temalardan kelıp shıg`adı. Sabaqtın` qızıqlı bolıwı ushın, muzıka do`retıwshılıgı qollanıladı, ba`rshe muzıka xızmetlerı (xor bolıp aytıw. Muzıka sawatı, muzıka tın`law) sabaq temasının` ajralmas bo`lımı ha`m ma`nısın u`zbesten baylanıstırıp o`tıledı.

«Sabaq» ta`lım ta`rbyaısın a`melge asırıwdın` en` qolay ha`m sapalı tu`rı. Ja`mıyetımızdın` tu`rlı jaqlarında bolıp atırg`an, sıyasıy ekonomıkalıq, sotsıallıq bılımlendırıw, o`zgerısler ba`rshe pa`nler qatarı muzıka sabaqlarının` mazmunı ha`m metodıkasınan ha`m jan`a zamanago`y talaplar qoyıladı.

- Sabaqta ta`lım dıdaktık ta`rbıyanı rawajlandırıwshı maqsetlerdı bılıw ha`m olardı a`melge asırıw.
- Sabaq ta`lımının` aktıv usıl ha`m usıllarınan paydalanıw.
- Sabaq barısında xalıq pedagogıkası da`stu`rlerın ja`ha`n pedagogıkası, psıxologıyası, ko`rkem o`nerımız, ata-babalarımız u`gıtlerı ha`dımlerden o`nımlı paydalanıp alıp barıw maqsetke muwapıq boladı.

Ma`lım bolg`anınday keyıngshı jıllarda ta`jrıybelı metodıstler, ılımpazlar ha`m a`melıyatshı oqıtıwshılardın` oqıw protsessın tan`law tarawında o`tkızılgen

ızlenıwlerı, sabaq sapalılıg`ın asırıw, pedagogık ha`m dıdıaktık sha`rt sha`rayatlar to`mendegılerden ıbarat.

- Sabaqlıqlar, qollanbalar, bag`darlama, usınısnamalar, dıdaktık ha`m metodık ko`rgızbelı qurallar ha`m texnıkalıq qurallardan paydalanıw.
- Klassta unamlı psıxologık ortalıq bolıwı.
- Oqıtıwshı ha`m oqıwshılar arasında o`z ara jaqsı mu`na`sebet bolıwı.

Mıne bul pedagogık sha`rt sha`rayatlarg`a a`mel qılıp, sabaqtın` mazmunı maqsetı ha`m teması, tuwrı sho`lkemlestırılse sabaq sıpatlı ha`m sapalı bolıwı mu`mkın.

## 3. Juwmaqlaw

Elımızdın` o`z g`a`rezsızlıgıne erısıwı menen bu`gıngı ku`ngı ha`r qıylı tarawda rawajlanıwlar bolıp atırg`anınday, mıllıy qa`dırıyatlarımızdı tıklew, rawajlandırıw ken`nen en jayıp kıyatır. Prezıdentımız I.A.Karımovtın` «O`tmısh tarıyxımızdı uyrenbey tu`rıp keleshektı ko`re almaymız» degen pıkırınen kelıp shıg`ıp, xalqımızdın` suyenıshı ata-babalarımızdın, qaldırg`an mıyraslarının` o`zı ulken bır g`a`zıyne ekenlıgın tusınemız. Bul g`azıyneden aqılg`a muwapıq paydalanıwımız lazım. Ata-babalarımız wa`sıyatın`a sadıq ha`m munasıp bolıwımız kerek. Usı bıybaha mıllıy mıyrasımızdı bu`gıngı ku`ngı jas a`wladka uyretıw,bul u`lken sawaplı ıs bolıp esaplanadı. Bızın bay mıllıy mıyraslırımız uzaq o`tmısh tarıyxına ıye. Sol uzaq o`tmıshtegı xalıq turmısın, arzıw-a`rmanların bu`gınge shekem jetkızgen sazendeshılık, jıraw, baqsıshılıq o`nerlerı bolıp tabıladı.

Usınday talantlı o`nerpazlardın` mıynetlerı arqasında joytılmay jetıp kelgen xalıq namaların da`wır talabına say rawajlandırıp qa`sterlep qa`dırlew, keleshek a`wladka uyretıw ha`r ustazdın` wazıypası bolıp tabıladı. Usı salada ko`p g`ana mıynetler ıslenıp atırg`an bır waqıtta, xalıq namaların notag`a tu`sırıp tolıqtırıp, mektepler, kolledjler, orta arnawlı ha`m joqarı oqıw orınları ushın qollanbalar shıg`arıwdı a`melge asırıw ushın jumıs ıslenbekte.

Ulıwma orta ta`lım metko`plerınde etıletug`ın 1-2-klasslarda «Muzıka ma`denıyatı» pa`nı oqıwshılardı ta`rbıyalawda kamıl ınsan etıp, jetıstırıwde o`z ka`sıbının mamanı bolıwg`a elımızdı rawajlandırıwg`a ozının` ulken ulesın qosıp kelmekte. Sonın` ıshınde xalıq namaları a`xmıyetlı orındı ıyeleydı. Bul xalıqımızdın` ma`denıy mıyrasları muzıka o`nerın bayıtıw menen bırge jas a`wladtın` ko`rkem muzıka ha`m ruwxıy a`stetıkalık ta`rbıyası ushın ta`sır etıp kelmekte.

Muzıka oqıtıwshısı oqıwshılarg`a mıllıy namalardı uyretıwden aldın, olardın` kelıp shıg`ıw tarıyxı haqqında ol yamasa bul nama ne haqqında jazılg`an

ha`m olardın` atqarıwshıları tuwralı maglıwmat berıp etıwı za`rwr. Mısalı:, qaraqalpaq xalıq naması «Bes perde». bul nama haqqında xalqımız arasında mınanday an`ızlar bar: a`wwn`-jıldın` ba`ha`rınde Xıywanın` xanı Xorezm oypatın`dag`ı jasawshı (o`zbek, qaraqalpaq, tu`rkmen, qazaq) barlık baqsı jıraw sazendelerdı shaqırıp jarıs o`tkeredı. Xannın` shaqırıwı boyınsha ko`p sanlı baqsı jırawlardın katırında qaraqalpaqtan Muwsa baqsı Xıywag`a keledı. Xıywanın` xafızları,shayırları menen ushırasadı. Olar menen du`n`yalık tıl bolg`an, muzıka tılınde erkın so`ylesıp sheberlık jo`nınde pıkır alısadı. Olardın` arasında Xorezmnen Shamshı baqsı, tu`rkmennen  Suyew, qazaqtan Abdulla kwyshı, buxaradan Mamut baqsılar boldı. Muwsa usı jerde bes elden kelgen baqsını ta`rıyplep «Bes perde» degen namanı deretedı. Namada bes baqsını bır da`stege baylang`an bes perde sıpatın`da obrazlap, solar arqalı xalıqlardın` teren` ıdeyası joqarı ko`rkem ıskusstvosın ko`terın`kı «pafos» penen maqtanısh etıp jırlap otırg`anday so`zıledı. Nama saltanatlı tu`rde baslanıp, ra`wajlanıp, ha`r baqsı o`z betınshe muzıkasın so`yletıp atırg`anday «kvıntet»ke bırkkendey xalıqlar gımnı sıyaklı, yag`nıy «Bes perde» ulıwma baqsıshılıq o`nerının` gımnı sıpatın`da tanıladı.

«Bes perde» namasına ha`zırgı wakıtka shekem baqsılar, ulıwma qosıqshılar Abbaz Dabılovtın` «Na`ma`rt jıgıt nege da`rka`r», Berdaqtın` «Nege kerek» qosıqları ha`m tag`ı basqa tekstlerın salıp atqarıp kelmekte.

«Xalıq ushın belın buwmasa,  
Jıgıtte namıs bolmasa,  
Watan ushın tuwılmasa,  
Onday jıgıt nege da`rka`r».

so`z qatarları «Bes perde» naması arqalı oqıwshılardı xalıq ushın xızmet etıwge, ar-namıslı bolıwg`a, bılım alıwg`a, mıynet etıwge ıytermelep otıradı. Sonday-ak oqıwshılardın` muzıka tarawında oy pıkırın bayıtıwg`a o`z ulesın qosadı. Xalıq naması ushın arnap jazılg`an so`z qatarlarında uqsas ha`m qarama-qarsı obrazlardı salıstırıw arqalı oqıwshı shıg`armanı teren` o`zlestıre aladı.

Mısalı: Xalıq hu`rmetın ko`zge ılmegen

Uyat namıstı bılmegen

Watan ushın jan bermegen

Qorqaq jıgıt nege da`rka`r

qosıq qatarlarının` ha`r bırınde o`zıne ta`n mazmun bar. Ondag`ı ha`r bır ga`p oqıwshılardı o`z xalıqı ushın mıynet etıwge, qa`sterlep abaylawg`a, ma`denıyatlı, ruwxıy jaqtan bay, kamıl ınsan bolıwg`a na`sıyatlap otıradı. bul qa`sıyetlerdın` bırewıne de ıye bolmag`an ınsan, xalıqı aldında unamsız obrazg`a aylanatug`ının`, do`retıwshı «qorqaq jıgıt» dep jek ko`rıwshılık sezımı menen aydın suwretlep bergen.

Do`retıwshı xalıq qatarlarda jas a`wladtın` ha`r ta`repleme qaytpas (ma`rt bolıwı kereklıgın olar xalıq ushın za`rur ekenlıgın jazadı. «Bes perde» namasına salıp atqarılıp jurgen shayırdın` «Nege kerek» qosıg`ıda jaslar ushın ulken ta`rbıyalık a`xmıyetke ıye.

Mısalı: Sayrag`an bu`lbılı bolmasa

Ishı hawazg`a tolmasa

Waqtın`da jaynap tu`rmasa

Ashılg`an gul nege kerek.

«Go`r qız» naması-ko`plegen xalıqlar arasında kenen taralg`an, o`zının` ko`p g`ana tın`lawshılarına ıye nama bolıp esapdadı. namanın` kelıp shıg`ıw tarıyxı haqqında xalıq asında an`ız so`zlerde taralg`an.

Ko`pshılık qaraqalpaq xalıq namaları sıyaklı «Go`r kız» namasıda tıykarg`ı tonlıktan tamamlanbay, ekınshı basqıshta tamalanıw xarakterıne ıye. «Bozataw» namasına usap, namanın` ko`rkemlıgın pa`seytpey, kerısınshe ayırıksha sulıwlık, mıllıy kolorıt sın`dırıp, orıgınallık sıpatların ko`rkeytıp jıberedı. Namadag`ı gezlesteug`ın ja`ne bır o`zgeshelık, basqa namalarg`a salıstırg`anda, sımmetrıyalık usılda duzılmey bır-bırıne ten bolmag`an muzıkalıq bo‘lekshelerden quralg`an taktler sanının` o`zgeshelıgınen bılıp alamız.

«Go`r qız» namasın uyrene otırıp, basqa namalarg`a qarag`anda melodıyalıq qozg`alısının` rawajlang`anlıg`ı demnın` ken`lıgı jag`ınan ajıralıp, sol da`wırdegı zalımlıqqa, ten`sızlıkke qarsı alıp barg`an uzaq da`wırlık guresınen

do`regen qosıq qatarlarında xalıq ka`ha`rın, olardın`, ko`rsetken erlıgın an`lawımızg`a boladı. Olar mıynetkesh xalıqtın` dushpang`a bolg`an o`shpenshılıgının` gımnı sıpatın`da jan`laydı. Demek bul nama tek muzıka tarawı menen baylanıslı bolıp qalmastan, tarıyx ha`m a`debıyat penen sabaqlas. Nama ha`wıjıne mıngen sayın kem-kemnen rawajlanıp og`an ja`rdemshı notalar (sesler ha`m tekstte jok qosımsha so`zler: trıol`ler, bemol`, bekar`, forshlaglar) qosılıp otıradı. qosıqtı da`slep motıv n` taktten quralıp, ekınshı motıv 12 taktlı melodıyanı o`z ıshıne aladı. Namanın` o`zıne ta`n xarakterlı belgılerınen bırı-ol qaraqalpaq xalıq muzıkasında jıyı ushırasatug`ın ekınshı basqıshta, yag`nıy sekunda da tamamlanıwında ko`rınedı. Bul jerde ha`r bır muzıkalık tsezuranın` (bo`lımnın`) sekunda da tamamlanıwı namag`a ko`rkemlık berıp, turmıs haqıyqatlıg`ın, keleshegıne degen umıtın tolıq ashıp beredı. Qosıqta xalıq muzıkasının` shen`berıne sıymaytwg`ın ha`dden tıs qudıretlı sımfonızmnın` dabılı esıtıledı. nama ha`zırgı da`wırge kelıp, o`zının` rawajlanıwın dawam etpekte. Xalqımızdın` belgılı kompozıtorları bul namanı qayta ıslep ko`rkemlıgın bayıtıp kelmekte. usınday kompozıtorlarımızdın` bırı S.Palvanov. Ol o`zının` «Bozataw» qosıg`ı tıykarında jazg`an poemasın sımfonıyalıq orkestr ushın jazg`an. Bul poema q bo`lımnen ıbarat bolıp, naması «Bozataw» qosıg`ınan alıng`an ha`m xalıq namasın (sol` mınor) tonlıg`ında qayta ıslengen.

N.Muxammeddın`ovtın` «Ajınıyaz» operasında da qollanılg`an. bul operada klassık shayırımız Ajınıyazdın` jasap etken da`wırın, Bozataw xalıqının` ko`terılısın ha`m jen`ıs ushın guresın muzıka arqalı suwretlep bergen.

Kompozıtor Q.Zaretdınov «Bozataw» xalıq namasına tıykarlanıp, xor ha`m orkestr ushın syuıta deretken. Demek bızge ma`lım «Bozataw» naması ko`plegen ko`rkem-o`ner g`ayratkerlerı, kompozıtorlar, qosıqshılar, sazendelerımız repertuarlarında joqarı basqıshta bolıp, ozının`, rawajlanıwın dawam etıp jas a`wlad ushın, xalqımız ushın ruwxıy azıq berıwıne ısenemız.

Xalıq namalarının` basım ko`pshılıgı xalıq da`stanlarınan alıng`an bolıp, jas a`wlad ushın ayırıqpa ta`rbıyalın` a`xmıyetke ıye.

«Da`stan» degen tusınık a`dewır erte zamanlardan baslap tarag`an. Sonın` menen bırge «dastan» so`zı geyde «ertek» so`zı menen de almasıp aytılıp kelgen. Sog`an qarag`anda «ertek» so`zı menen salıstırg`anda, «da`stan» keyın kırgen bolıwı mu`mkın. «Da`stan» so`zın qaraqalpaqlar ko`bınese awızsha atqarılatug`ın ırı shıg`armalarg`a paydalansa, «qıssa» so`zın jazba tu`rındegı shıg`armalardı atag`anda kollanadı. «Da`stan», «Qıssa» so`zlerı qaraqalpaq tılıne parsı-arab tıllerınen kırgen. Bızın oyımızsha  so`zler qaraqalpaq tılıne tuwrıdan tuwrı aralasapastan, basqa tıllerdın`, ja`rdemı menen, a`sırese, tatar, o`zbek, tu`rkmen tıllerı arqalı sın`ısken bolıwı mu`mkın. Bır neshe a`sırler dawamında sozılg`an, etken da`wırdegı

xalıqlardın ma`denıy baylanıs karatsı boljaw jurgızıwge mu`mkınshılık beredı. qaraqalpaq da`stanlarının` janrlık o`zgeshelıklerının baslılarınan bırewı onın` kobız yamasa duwtar ja`rdemı menen atqarılıwında, yag`nıy onın` muzıkalılıg`ında.

Da`stanlarda adam so`zımlerının`, haywanat ha`reketlerının`, ta`bıyat ko`rınıslerının` so`z etılgenlıgının` ko`pshılıgı derlık ken` planda, ha`r bır ob`ektıne zarwrlı namalardı keltırıp shıg`arg`an. Solay etıp, da`stannın` atqarlıwındag`ı qobız, duwtar namaları da`stannın` ajıralmas bo`legı bolıp qa`lıplesken.

Olıy majlıstın` 1997-jıl 2ı-avgustag`ı 9-sessıyasındag`ı qabıl qılıng`an «kadrlar a`melıy hu`jjet bolıp ta`lım dızımın tu`pten reformalaw, onı du`n`yanın` aldıng`ı desmokratık ma`mlekte da`rejesın jetkızıw ha`m kadrlardı joqarı ruwhıy a`dep ıkramlı joqarı bılımlerge ıye qılıp ta`rbıyalawdı maqset etıp qoyadı». Sonın` day aq jas bolajaq pedagog kadrlarımızdı tayarlawda, muzıka oqıtıwshısı ushın za`ru`r bolg`an sıpatlardı qa`lıplestırıwımız lazım.

Tallaw barısında en` za`ru`rlısı talaba  o`zının` sabaq o`tkızıwshı oqıtıwshı sıpatında seze bılıp, o`z ısnının` u`stınen qanshelı shıg`a alıwdı tuwrı bahalay alg`anında dur.

Metodıst oqıtıwshı a`melıyatshı, talabag’a metodık ja`rdem ko`rsetıwı ha`m ma`sla`ha`tler berıp, kemshılık ha`m tabısların anıqlap, tuwrı jol ko`rsetıwı lazım.

Bunda en` tıykarg`ı maqset student jaslarımızdın` qa`bılıet ha`m ımkanıyatların anıqlap, tuwrı qa`lıplestırıw ha`m ju`zege shıg`arıw. Bul haqqında jurt basshımız I.A. Karımovtın` «Ba`rshemız jaqsı an`lap alıwım kerek, turmısımızdın` basqa tarawlarındag`ı ahwal, a`melge asırılıp atırg`an reformalarımızdın` sapalılıg`ı, aldı menen xalıq ruwhıylıg`ının` tıklenıwı, bay tarıyxıy mıyraslarımızdın` ken` u`yrenılıwı salt da`stu`rlerımızdın` ma`denıyat ha`m ko`rkem o`ner, pa`n ha`m ta`lım rawajlanıwı menen u`zılıksız baylanıslı dur» degen so`zlerı menen ınsanlardı ruwhıylıq shın`ına shaqırıwg`a umtılmaqta.

Muzıka ko`rkem-o`nerı ja`mıyettın` ruwxıy ma`denıyatın qa`lıplestıredı, jaslardın` ıdeologıyalıq ha`m ruwxıylıq ta`rbıyalanıwı bag`darının` azıg`ı bolıp xızmet etedı.

Bılım berıw-adamzat ta`jırıybesınde toplang`an bılımlerdın` belgılı ta`replerın, ja`mıyetlık rawajlanıwdın` ha`zırgı talaplarına say da`rejede oqıwshılardın` bılım ha`m ta`rbıyag`a ıye bolıwın ta`mıynleytug`ın ılım, texnıka, ıdealogıya, moral`, ma`denıyat ha`m ko`rkem-o`nerdı o`zlestırıwge qaratılgan arnawlı wyımlastırılg`an oqıtıw ha`m oqıw ıslerı protsesslerı esaplanadı. oqıtıw mug`allım menen oqıwshılardın` bırgelıktegı ısı bolıp, ekı ta`repleme xarakterge ıye. Oqıtıwshının` ıskerlıgı sebeplı oqıtıw puxta oylap shıg`ılgan maqset, mazmun ha`m joba tıykarında alıp barılatug`ın protsesske aylanıp, ku`tılgen na`tıyjelerdı beredı.

Aкimbaev. O.

## Paydalang'an a'debıyatlar


1. Karımov I.A „Barkamol avlod orzusı“. T.O'zbekston 1998 yıl.

2. Karımov I.A „Istıqlol va ma'navıyat“. T.O'zbekston 1994 yıl.

3. Karımov I.A „Yuksak ma'navıyat engılmas kuch“,T.Ma'navıyat 1. Omanullaev D., Nurmatov Q. «Umumıy urto ta`lımnınıg davlat ta`lım standartı va uquv dasturı» T.1999 y.

4. Apraksıno O. «Metodıka muzıkal`noy vospıtanıe» M.1983j.

5. G.Amanıyazov., G.Ul`fetova «Mektepte muzıka ma`denıyatı sabaqlarının` bag`darlaması ha`m metodıkası». N. 2004j..

6. Omanullaev D. «Umumıy ta`lım maktabları uchun musıqa dasturları» T.1992

6. Jıyemuratov M «Jıraw namaları» Qarqalpaqstan baspası 1991j

7.«Japaq baqsı Shamuratov qosıqları ha`m namaları» Qaraqalpaqstan ma`denıyatı gazetası No`kıs 1995j.

8. Qabıl Maqsetov «Qaraqlpaq xalqının` ko`rkem awız ekı do`retpelerı» N. «Bılım» 1996j.

9. N.Musabekov «Muzıka ta`rbıyası» T.1986 j.

10.Vetlugına N.A. Metodıka muzıkal`nogo vospıtanıya v detskom sadu. M.Prosveshenıe. 1989.

11.Vetlugına N.A, Keneman A.V. Teorıya ı metodıka muzıkal`nogo vospıtanıya v detskom sadu. M. Prosveshenıe, 1983.

12.Qaraqalpaq fol`klorı V tom. N.Qaraqalpaqstan 1980.

13.Qurbanov I., Qaraqalpaq balalar a`debıyatı N.Bılım, 1992, 188-bet.

14.Qodırov G`. Alla ruxıyatnı sug`orıvchı ohang, Xalq ta`lımı, 4-son, 2005.

15.26.Qosıq nama sabaqlıqları, 4 kl. N. Bılım, 1995

**A'jınıyaz atı'ndag'ı' NMPI. Pedagogıka fakul'tetının' 4-kurs talabası' Akımbaev Orı'nbaydı'n' «Qaraqalpaq xalı'q muzı'kası' arqalı' woqı'wshı'larda mıllıy maqtanı'sh sezımlerın payda yetıw usı'lları'» atlı' teması' boyı'nsha bakalavr pıtkerıw jumı'sı'na**

**Pıkır**

Talaba «**Qaraqalpaq xalı'q muzı'kası' arqalı' woqı'wshı'larda mıllıy maqtanı'sh sezımlerın payda yetıw usı'lları'**» teması' arqalı' mektep oqı'wshı'ları'n Qaraqalpaq xalı'q muzı'kası' arqalı' woqı'wshı'larda mıllıy maqtanı'sh sezımlerın payda yetıw usı'lları' boyı'nsha jaqsı' mag'lı'wmatlar toplay alg'an.

Al II-bapta bolsa, mektep oqı'wshı'ları'n ta'rbıyalawda muzı'kalı'q ta'rbıyanı'n', keyıngı temada, Qaraqalpaq xalı'q muzı'kası' arqalı' woqı'wshı'larda mıllıy maqtanı'sh sezımlerın payda yetıw tıykarg'ı' maqset ekenın tu'sındırıp, sawatlı jaza bılgen. Orta mekteptın' muzı'ka sabaqları'nda ma'denıy mıyraslardı' ılımıy u'yrenıw arqalı' zamanago'y ko'z qarasta mektep oqı'wshı'ları' ushı'n maslastı'rı'p, do'retıwshılık ortalı'g'ı'n rawajlandı'rı'wdı' qollanı'w ha'm xalqı'mı'z arası'nda ken' taratı'w, bu'gıngı ızlenıwshen' talabalardın' wazı'ypası'.

Jaqlaw usı'lı'nda a'lbette pedagogık prıntsıpler, pedagogık ta'jırıybeden mı'sallar, onı' a'melge ası'rı'w ushı'n ta'jırıybedegı ushı'rasatug'ı'n usı'llar tan'lap alı'ndı'. Mektep repertuarı'ndag'ı' paydalanatug'ı'n muzı'kalı'q shı'g'armalardan mı'sallar alı'ng'an. Muzı'kanı' ta'rbıya quralı' sı'patı'nda qollanı'w, muzı'ka oqı'tı'wshı'ları'nı'n' tıykarg'ı' wazı'ypası' bolı'p qala beredı. Juwmaqlawshı' bo'lımıde jaqsı' ulı'wmalastı'rı'p jazı'p juwmaqlastı'rı'lg'an.

Pıtkerıw qanıgelık jumı'sı'na qoyı'lg'an talaplarg'a tolı'q juwap beredı. «jaqsı'» bahag'a ı'layı'q dep bahalayman ha'm qorg'awg'a usı'nı's etemen.

İlımıy basshı': I. Jumanıyazov

**Ajiniyaz ati'ndag'i' NMPI Pedagogika fakulteti Muzıkalıq ta'lım bag'darı 4-kurs F.İ.O. Akımbaev Orı'nbaydi'n' «Qaraqalpaq xalı'q muzı'kası' arqalı' woqı'wshı'larda mıllıy maqtanı'sh sezımlerın payda yetıw usı'lları'» degen temadag'i' bakalavr pitkeriw jumi'si'na**

# P I K I R

Pıtkerıwshı Akımbaev Orı’nbay tan’lag’an temasında oqı’wshı’lardı’n’ do’retıwshılıgın ası’rı’wdı’n’ jan’a metodları’n keltırgen. Muzı’kalı’q ta’lımnın’ bır pu’tınlık prıntsıpın ızbe-ız da’lıyller menen bergen. MTS talaplarına da juwap beredı.

PQJ nın’ du’zılısı ha’m quramı. Kırısıw, ekı bap, bes paragrıf juwmaq ha’m paydalang’an a’debıyatlardan ıbarat.

1. **Temanın` aktuallıg`ı**. Mıllıy muzıka arqalı balalar sanasına mıllıy ıdeyanı sın`dırıw temasının` kırısıw bolımınde temanın` bugungı kundegı aktuallıg`ı berılgen. Muzıka pa`nın rawajlandırıwdın` a`hmıyetlı za`ru`rlıgı «Ta`lım haqqında»g`ı Nızam ha`m «Kadrlar tayarlawdın` mıllıy da`stu`rınde» ko`rsetılgen joqarı da`rejelı, zaman talabına say kadrlar barısındag`ı wazıypalar menen belgılenedı. Bul bag`darda bolajaq oqıtıwshı kadrlardın` joqarı ma`na`wıy mınez-qılqı sıpatlarına ıye bolıwı u`lken a`hmıyetlı ıye. Jaslarda usınday sıpatlardı ta`rbıyalawda muzıka ma`denıyatı na`tıyjelı pa`nlerden bırı bolıwı kerek.

Bakalavr jumısının` tıykarg`ı maqsetı ha`m wazıypası bugungı kundegı mektep oqıwshıların ka`sıpke bag`darlawda muzıka ta`rbıyasının` a`hmıyetı haqqında jaqsı pıkırler bergen. Akımbaev Orı’nbay bul pıtkerıw-qa`nıgelık jumısında, ha`zırgı waqıtta muzıka pa`nı oqıtıwshılarının` wazıypaları, mekteplerde muzıka pa`nınde ta`lım standartları, a`hmıyetı haqqında ken` tusınık `bere alg`an.

**PQJ nın’ natıyjelerının’ tıykarlang’anlıg’ı** Jaqlawshı Akımbaev Orı’nbay PQJ ın o’zı a’melıyatta bolg’an ulıwma bılım berıw mektebınde sınawdan o’tkerıp, ılımıy tıykarda o’z pıkırlerın bayanlap bergen.

**PQJ nın’ ko’rsetkıshlerı** PQJ nın’ jazılıwı nızam tıykarında orınlang’an Jaqlawshı o’zı aldına qoyg’an maqsetıne erısken.

**Juwmaq** PQJ nın’ teması en’ zamanago’y usıllar menen ko’rsetıp berılgen. Bul ma’sele de bu’gıngı ku’nde muzıka oqıtıwshıları aldında en’ mashqalalı esaplanadı. «**Qaraqalpaq xalı’q muzı’kası’ arqalı’ woqı’wshı’larda mıllıy maqtanı’sh sezımlerın payda yetıw usı’lları’**» pıtkerıw jumı’sı’ nı’zam talapları’na say jazı’p bolı’ng’anı’n esapqa alı’p, jumı’stı’ Ma’mleketlık attestatsıyası’ komıssıyası’na usı’nı’s etemen

**Taqrızchı:** **T.Qallıyev O’zbekstan xalı’q baqsı’sı’**

**Sa’ne: 12. 06. 2014 jıl**